O`zbekstan xalıq bilimlendiriw wa`zirligi
A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti 4-a topar pitkeriwshisi
Dosnazarov Batırdın`

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**Teması**: Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awızeki ha`m jazba a`debiy derekleri

**İlimiy basshı**: **Ken`esbay Allambergenov**, filologiya ilimlerinin` doktorı, professor, QR Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı

No`kis - 2012

Jaqlawg`a ruxsat etildi:

Fakul`tet dekanı: dots. D.Paxratdinov

Kafedra baslıg`ı: dots. B.Da`wletov

İlimiy basshı: prof. K.Allambergenov

Qaraqalapaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti 4-a topar pitkeriwshisi Dosnazarov Batırdın` «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı boyınsha

# MA`MLEKETİLİK ATTESTATsİYa KOMİSSİYaSININ` QARARI

Dosnazarov Batırdın` joqarıda atı atalg`an temadag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına «____» bahası qoyılsın.

MAK baslıg`ı: ________________________________________

MAK ag`zaları:________________________________________

No`kis – 2012

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV-a kurs talabası Dosnazarov Batırdın` «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısının`

ANNOTATSİYASI

Pitkeriwshi Dosnazarov Batırdın` bul pitkeriw qa`nigelik jumısı «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» mashqalalarına bag`ıshlanıp, onda erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı, haqıyqatında da, X a`sirlerden baslanatug`ınlıg`ın, Qorqıt ata, Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy, Al` Kerderiy do`retiwshilikleri onın` fol`klorlıq ha`m jazba a`debiy dereklerinin` biri bolatug`ının da`liyllenilgen.

Pitkeriwshi B.Dosnazarovtın` pitkeriw qa`nigelik jumısı tiykarg`ı maqseti, mine, usı wazıypalardı sheshiwden ibarat.

Bul wazıypalardı sheshiw ushın pitkeriwshi B.Dosnazarov ortag`a qoyg`an ma`seleni pitkeriw qa`nigelik jumısta u`sh bapqa bo`lip izertlegen. Birinishi bapta erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` tutqan ornı ko`rsetilse, ekinshi bapta erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` fol`klorlıq dereginin` bir mısalı sıpatında Qorqıt ata jırları tallanılılıp, onın` qaraqalpaq a`debiyatına qatnası ma`selesi ashıp berilgen. U`shinshi bapta Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy do`retiwshilikleri erte da`wir qararqalpaq a`debiyatının` a`debiy jazba derekelerinin` mısalları sıpatında ilimiy tallawg`a alıng`an. Juwmaqta usı baplar mazmunı tiykarında erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı X-XIV a`sirlerden baslanadı,-degen pikir qollap quwatlanılg`an.

Pitkeriwshi: B.Dosnazarov

İlimiy basshı: prof. K.Allambergenov

**Jobası:**

I.**Kirisiw**.

II.**Birinshi bap.**

Erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` tutqan ornı

III.**Ekinshi bap**

Qorqıt ata jırları - erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` fol`klorlıq bir deregi sıpatında

IV.**U`shinshi bap**

Sulayman Baqırg`aniy ha`m Rabg`uziy do`retiwshilikleri-erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıwı ha`m qa`liplesiwinde a`hmiyetli ornı bar a`debiy jazba derekler.

1. Suleyman Baqırg`aniy (Ha`kim ata) - erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` bir wa`kili sıpatında
2. Rabg`uziy ha`m onın` qaraqalpaq a`debiyatına qatnası

V. **Juwmaq.**

VI. Paydalanılg`an a`debiyatlar.

## Kirisiw

Erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiw derekleri ma`selesi ilimpazlarımızdı bir neshe onlag`an jıllardan berli qızıqtırıp kiyatırg`an a`debiyattanıw iliminin` og`ada a`hmiyetli ha`m juwapkerli mashqalalarının` biri. Sebebi xalqımızdın` etnogenezi ha`m onın` ruwxıy ma`deniyatqa og`ada bay xalıq bolg`anlıg`ı haqqındag`ı ga`p xalıq awzında da, jazba tariyxıy dereklerde de ju`da` erte da`wirlerden berli o`mir su`rip kiyatırg`anlıg`ı ha`mmemizge ma`lim. Ha`zirgi tariyx iliminin` ko`rsetiwinshe, qaraqalpaq xalqının` a`yyem zamanlardan berli ata jurtı-ata ma`kanı usı ha`zirgi Qaraqalpaqstan Respublikasının` jaylasqan jeri. Olardın` (Qaraqalpaqlardın`) en` eski ata- babaları bizin` eramızdan burıng`ı VII-V a`sirlerde Araldın` qubla shıg`ıs boylarında jasag`an sak-massaget qa`wimleri. Massagetlerdin` o`zi bir qansha qa`wimlerden ibarat bolg`an. Solardın` ishinde apasiaklar ha`m augasiyler qa`wimleri qaraqalpaqlardın` tiykarın salıwda u`lken rol` atqarg`an.

Apasiaklardı qaraqalpaqlardın` en` birinshi ataması desek te boladı.

Bizin` eramızdan burıng`ı I a`sirdin` basları menen bizin` eramızdın` IV a`sirlerinin` arasında Aral boylarına Shıg`ıstan ko`plep gunnlar keledi. Bulardın` u`stine VI-VIII a`sirler aralıg`ında shıg`ıstan tu`rkler keledi. Bul ruwlardın` (yag`nıy apasiak-gunn tu`rklerdin`) aralasıwı menen apasiaklardın` tiykarında pechenegler awqamı payda boladı.

Pecheneglerdin` payda bolıwı bul qaraqalpaqlardıq xalıq bolıp qa`liplesiwindegi ekinshi etap bolıp tabıladı ha`m «pecheneg» so`zi qaraqalpaqlardın` ekinshi atı dewge boladı.

IX a`sirlerdin` aqırında pechenegler awqamının` jerleri A`miwda`r`yanın` to`mengi jag`ınan, Aral boylarına Batısqa qaray Ural (Jayıq) ha`m Volga (Edil) boylarına deyingi aralıqlardı o`z ishine alg`an.

VIII-XI a`sirlerdin` arasında pechenegler menen og`uzlar arasında tıg`ız ekonomikalıq ha`m siyasiy baylanıslar bolg`an.

Aral boylarında qalg`an Shıg`ıs pechenegler usı jerde qalg`an (yag`nıy ha`zirgi Tu`rkmenstan, İran, Turkiya jerlerine jılısıp ketpey qalg`an) oguzlar menen awqam du`zip ko`plegen siyasiy waqıyalarg`a qatnasadı.

Shıg`ıs pecheneglerinin` «Qaraqalpaq» degen atamag`a iye bolıwı da, mine, usı da`wirlerge (yag`nıy VIII-XI a`sirlerge) tuwra keledi[1].

Al, endi Turkiyalı Ziya Kurter, qaraqalpaqlar VIII-X a`sirde Mavrennaxrda usı atı menen xalıq bolıp qa`liplesken, dep ko`rsetedi. «Mına so`zimde qa`te joq,- dep jazadı ol, 495-567-jıllar arasında qaraqalpaqlardın` shıg`ıs Tu`rkstannan urısıp kelip, Mavrennaxrg`a qonıs basqanınan 3-4-a`sir keyin (VIII-X a`sirlerde-S.K) sol jerde o`z etnik formasına iye bolg`an (xalıq bolıp qa`liplesken S. K.)»[2]

Demek, qaraqalpaqlar o`zlerinin` ha`zirgi atamasın o`zlerinin` ata jurtında-Aral ha`m A`miwda`r`ya boylarında XI a`sirde-aq alg`an[3].

Ma`mleketlik du`zim qaraqalpaqlarda onın` xalıq bolıp qa`liplesiw waqtınan baslanadı. Ma`mleketshiligi bolmag`an xalıqtın` uzaq waqıt jasawı mu`mkin emes. A`miwda`r`yanın` to`meninde Aral ten`izinin` qublasında VII-XIII a`sirlerde Xorezm ma`mleketinen g`a`rezsiz da`slep pechenegler awqamı, keyin Kerder dep atalg`an ma`mleket o`mir su`rdi. Qaraqalpaqlar usı a`sirlerde xalıq bolıp qa`liplesti ha`m usı jerde da`slep pechenegler, keyin (X-XI a`sirlerde) qaraqalpaqlar degen atqa iye boldı. Solay etip, VII a`sir aqırı XII a`sirdegi bul Kerder ma`mleketi qaraqalpaqlardın` ma`mleketi edi[4].

Bul uzınnan uzaq tariyxıy hu`jjetler siltemesi bizge, birinshiden, qaraqalpaqlardın` tariyx maydanında xalıq sıpatında qa`liplesiwi de, ma`mleketshiliginin` payda bolıwı da ha`zirgi Qaraqalpaqstan aymag`ında X a`sirge tuwra keletug`ınlıg`ına hesh qanday guman tuwdırmaslıg`ı, ekinshiden, tariyx ilimi menen ta`g`dirles basqa ilim wa`killerine de orınlı sawal qoyıwg`a tu`rtki bolıp, onın` juwabın tabıwg`a ja`rdem bereri so`zsiz. Nege degende, bul hu`jjet bizge tek xalqımız tariyxı haqqında g`ana derek berip qoymastan, onın` tili,

---

[1] Kamalov S. «Qaraqalpaqlardın` xalıq bolıp qa`liplesiwi ha`m onın` ma`mleketshiligi tariyxınan» No`kis O`zRİAQQB «Xabarshısı» jurnalının` №3 sanına qosımsha.-2001. 3-10-betler.

[2] Ziya Kurter. Karakalpak. Ankara. —1974.-22-b (Silteme S. Kamalovtın` joqarıda atalg`an miynetinde keltirilgen).

[3] S. Kamalovtın` silteme islengen miyneti 10-b.

[4] Sonda 3-b.

ruwxıy ma`deniyatı, etnografiyası, so`z ha`m saz o`nerlerinin` to`rkini haqqında da oylanıwg`a ma`jbu`r etedi.

Haqıyqatında da, xalıq bar jerde ruwxıy ma`deniyat ta, xalıqtın` tili de, a`debiyatı da, ko`rkem o`neri de, etnografiyası da o`mir su`riwi kerek g`oy. Bularsız xalıq xalıq atag`ın alıwı mu`mkin de emes. Sonda xalqımız X a`sirde tariyxta o`z aldına xalıq sıpatında kelip shıqqan bolsa, onda onın` usı a`sirlerdegi ruwxıy ma`deniyatı qanday formalarda o`mir su`rgen, bul ma`deniyattın` ma`nis-mazmunı qanday bolg`an, bul ma`deniyattın` do`retiwshileri kimler, olar qalay jasap, qalay do`retiwshilik miynet etken, olardın` baslı do`retpeleri qanday?- degenge usag`an sorawlar son`g`ı waqıtları qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminin` wa`killerin de oy-tolg`anıslarına salıp atırg`anlıg`ı anıq.

Durıs, bul sorawlarg`a birden juwap tabıw da an`sat emes. Sebebi bu`gingi ku`nge shekem Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatı tariyxı XIV-XVIII a`sirdegi Soppaslı Sıpıra jıraw, Asan Qayg`ı, Jiyrenshe sheshen, Dosma`mbet, Mu`yten ha`m Jiyen jıraw o`miri do`retiwshilikleri mısalında u`yreniler edi. Endi 3000-jıllardın` basındag`ı tariyx iliminin` jan`alıg`ı boyınsha Erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı tariyxıpa da basqasha ko`z-qarasta, milliy g`a`rezsizlik ideyaları ha`m ideologiyası ko`z-qarasında jan`asha ko`z juwırtıwımızg`a tuwra keledi.

Sebebi, xalqımız ha`zirgi qaraqalpaq ataması menen X a`sirde xalıq sıpatında tolıq qa`liplesiw da`rejesine jetken eken, onda bizin` a`debiyatımız tariyxı da usı a`sirden baslanıwı kerek. Bul, demek, bizin` a`debiyatshılarımız ele tın` jatırg`an to`rt a`sirdin` a`debiyat tariyxın u`yreniwi, izertlewi ha`m onı xalıqqa ko`rsetip beriwi kerek degen so`z. Demek, xalqımız tariyxı X a`sirden baslang`anınday, biz de a`debiyatımız tariyxın da X a`sirlerden baslawımız kerek. Bul, demek, endi «Erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı» degen termininin` ma`nis-mazmunına da a`dewir o`zgerisler kiredi degen so`z.

Son`g`ı waqıtları J.Bazarbaev, A`.Paxratdinov, A`.Alımov, K.Allambergenov ha`m t. b. alımlar qaraqalpaqlardın` xalıq bolıp qa`liplesiw da`wirlerindegi, yag`nıy X-XIV a`sirlerdegi a`debiyat tariyxı haqqında bas qatırıp, bul da`wir a`debiyatının` xarakteri, payda bolıw ha`m qa`liplesiw derekleri, ayırım

wa`killerinin` o`miri ha`m do`retiwshiligi haqqında bir qansha maqalalardı baspa so`zde ja`riyaladı.[5]

Bul ma`seleni birinshilerden bolıp baspa so`zde ko`tergen ilimpaz f.i.d, prof., Xalıq aralıq Akademiyanın` akademigi, Qaraqalpaqstang`a miyneti sin`gen ilim g`ayratkeri A`.Paxratdinov boldı. Ol o`zinin` «Qaraqalpaqlar a`yyemnen sawatlı, bilimdan ha`m ma`deniyatlı xalıq bolg`an»[6] dep atalatug`ın maqalasında erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw qa`liplesiw tariyxı haqqında pikir ju`ritip, qaraqalpaqlardı IX-X a`sirlerde-aq jazba ma`deniyat rawajlang`an, usı da`wirlerdegi tu`rkiy xalıqlarg`a tiyisli bolıp kelgen jazba a`debiy estelikler qaraqalpaqlarg`a da tiyisli, sol ushın erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı tariyxın da usı a`sirlerden baslaw kerek degen ideyanı ortag`a taslaydı.[7]

İlimpaz bul pikirin da`liyllew ushın son`g`ı jıllarda da bir qatar maqalalar jazıp, bul maqalalarında Al Xorezmiy, Beruniy, Suleyman Baqırg`aniy, Xoja Axmed Yassawiy, Molla Shaydayiy, Rabg`uziy usag`an shayırlardı Orta a`sirlerdegi qaraqalpaq jazba a`debiyatının` wa`killeri sıpatında tanıw kerekligin ilimiy-a`debiy ja`miyetshilikke usınıs etedi. İlimpazdın` bul usınısın qollap-quwatlawg`a boladı. Sebebi, atı atalg`an so`z ustalarının` barlıg`ı derlik ha`zirgi Qaraqalpaqstan aymag`ında tuwılıp, do`retiwshilik miynet etken tariyxıy tulg`alar.

Biz de usı pikirlerge su`yenip, o`zimizdin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızg`a «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» degen atamanı tan`lap aldıq ha`m onda erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı, haqıyqatında da X a`sirlerden baslanatug`ınlıg`ın, Qorqıt ata,

Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy do`retiwshilikleri onın` fol`klorlıq ha`m jazba a`debiy dereklerinin` biri bolatug`ının da`liyllewge urındıq.

Bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` tiykarg`ı maqseti, mine, usı wazıypalardı sheshiwden ibarat.

---

[5] Qaran`ız: Paxratdinov A`. Qaraqalpaqlar a`yyemnen sawatlı, bilimdan, ma`deniyatlı halıq bolg`an.//A`miwda`r`ya, N5-6-2004. Pazratdinov A`. Al Xorezmiy Orta a`sirlerde qaraqalpaq jazba a`debiyatının` tiykarın salg`an shayırlardın` biri.//İlim ha`m ja`miyet.-N4-2004; Alımov A`. Suleyman Baqırg`aniy do`retiwshiliginde ruwxıy-ag`artıwshılıq ma`selelerinin` so`z etiliwi.// İlim ha`m ja`miyet.-N3-4-2004; Allambergenov K. Qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw, qa`liplesiwinde jıraw-shayırlardın` tutqan ornı. /Erkin Qaraqalpaqstan, 2003-jıl 11-sentyabr` N112 (17758) h.t.b.

[6] A`miwda`r`ya, N5-6-2004.

[7] Sonda, 136-141-betler.

Ekinshi jag`ınan, bul wazıypanı sheshiw bizin` jumısımızdın` a`hmiyetin ko`rsetiw menen birge, ilimiy jan`alıg`ın da ta`miynleydi. Sebebi atı atalg`an so`z ustaları do`retiwshiligi birinshi ret bul miynette arnawlı izerlew ob`ekti etip alınıp, erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw qa`liplesiwinde girewli ornı bar ko`rkem so`z sheberligi sıpatında so`z etilip otır.

Bul sıpatlar jumısımızdın` a`meliyatta da u`lken a`hmiyet tutatug`ınlıg`ın ko`rsetip turadı.

## II Birinshi bap

## Erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` tutqan ornı

Ko`rkem a`debiyat, a`sirese xalıqtın` awız-eki do`retiwshiligi erte da`wirlerden berli-aq iskusstvo-ko`rkem o`nerdin` ajıralmas bir bo`legi bolıp kelgen. Sebebi, sol erte zamanlarda ko`rkem o`nerdin` qay-qaysı tu`rin de bir-birisiz tu`siniw qıyın bolg`an. Olarg`a ta`n en` baslı sıpatlı belgi-sinkretizm qubılısı bolıp, so`z o`neri saz o`neri menen, saz o`neri atqarıwshılıq o`ner sahna o`neri menen ju`yi bilinbestey birigip ketken.

Qaraqalpaq a`debiyatı tariyxına teren`irek u`n`ilip qarasaq, ko`rkem a`debiyat penen ko`rkem o`nerdin` bul bekkem birligin ja`ne de ayqınıraq sezemiz. Ma`selen, XIV-XVIII a`sirdegi qaraqalpaq a`debiyatı wa`killerinin` Soppaslı Sıpıra jıraw, Jiyrenshe-sheshen, Asan-qayg`ı, Dosmambet-jıraw, Mu`yten-jıraw, Jiyen-jıraw dep atalıwları bul tek ma`zi atamalar emes, al tutas bir a`debiy da`wirlerdin` sıpatlı belgilerin, o`siw jolın an`latatug`ın a`hmiyetli qubılıslar. Sebebi, bul da`wir jırshıları tek g`ana atqarıwshılıq o`nerdin` wa`killeri-saz shertiwshi (muzıkant), nama shıg`arıwshı, (kompozitor), xosh hawaz atqarıwshı (artist, solist) bolıp qoymastan ko`rkem so`zdi ka`sip qılg`an shayırlar da bolg`an. Sonlıqtan da olar jırshılıq o`ner menen shayırshılıq o`nerdi ten` qatar alıp barg`an.

Ko`rkem a`debiyattag`ı, anıg`ırag`ı fol`klordag`ı bul sinkretizm qubılısı izleri, yag`nıy ko`rkem a`debiyat penen ko`rkem o`ner birliginin` ko`rinisi XIX-XX a`sirdegi qaraqalpaq shayırları Ku`nxoja, A`jiniyaz, Berdaq, Razbek Qorazbek ulı, Qazı Ma`wlik, Abbaz, Sadıq do`retiwshiliginde de da`stu`riy dawam etkenligin ko`remiz. Ma`selen, ayırım waqıtlarda Ku`nxoja, Berdaq, A`jiniyazlar o`zleri jazg`an qosıqların sazg`a salıp, xosh hawazı menen o`zleri atqarıp, o`zleri xalıq arasına awız eki tarqatqan bolsa, Razbek Qorazbek ulı, Qazı Ma`wlik, Abbaz, Sadıq shayırlar o`z shıg`armaların qıssaqanlıq jol menen o`zleri atqarg`an. Sonlıqtan da bul shayırlar «shayır» atına qosa «baqsı», «qıssaqan» dep te atalınıp

olardın` ko`pshiligi aytıs shayırları bolg`an. Aytıs janrı bolsa so`z, saz, saxna o`nerin o`z boyına bekkem biriktirgen en` bir sinkretik janr esaplanadı. Usı sıpattı o`z boyına teren` sin`diriwine baylanıslı shayırlar aytısı ko`pshilik jag`dayda yarım fol`klorlıq, yarım jazba a`debiyatlıq o`zgesheliklerge iye bolıp keledi.

Sinkretizm qubılısı XIV-XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatında a`debiyattın` o`zgesheligin belgileytug`ın baslı sıpatlı belgilerdin` biri sıpatında saqlanıp kelgenliginen bolsa kerek, ayırım a`debiyatshılar: qaraqalpaq a`debiyatı o`zinin` baslang`ısh da`wirinde awız a`debiyatı da`stu`rleri, sonın` ishinde jırshılıq o`neri da`stu`rleri menen tıg`ız baylınıslı rawajlang`an[1], degen pikirlerdi ortag`a taslaydı. N.Da`wqaraev bul pikirlerge anıqlıq engizip : qaraqalpaq a`debiyatının` sag`aların ju`da` erte da`wirlerden-Nog`aylı da`wirindegi jıraw-shayırlar bolg`an Soppaslı Sıpıra-jıraw, Asan-qayg`ı, Jiynershe-sheshenler do`retiwshiliginen baslaw kerek, degen sheshimge keledi.

N.Da`wqaraevtın` bul pikirin XX a`sirdin` 60-jıllarının` aqırı 70-80-jılları ishinde M.Nurmuxamedov, İ.Sag`ıytov, K.Mambetovlar teoriyalıq jaqtan da`stiyarlı da`lillep a`meliyatqa ken`nen engizdi. Ha`zirgi ku`nde XIV-XVIII a`sirdegi qaraqalpaq a`debiyatı joqarıda atları atalg`an jıraw-shayırlar do`retiwshiligi menen tu`sinilip ju`rgeni hesh kimge sır emes.

Bul orında fol`klorist Q.Ayımbetovtın` «Qaraqalpaq xalıq jırshıları (jıraw-shayırları- A.K.) qaraqalpaq awız a`debiyatı menen jazba a`debiyatın baylanıstırıwshı ko`rkem so`z sheberleri» degen pikirinde u`lken jan bar ekenligine isenim hasıl qılasan`. İlimpaz bul pikirlerin ja`ne de teren`lestirip «Qaraqalpaq a`debiyatının` tariyxın izertlegende, jazba a`debiyatınan burın jırshılıq traditsiyasına kewil awdarıw kerek» degen usınıs ta bildiredi.

Bul, demek, qaraqalpaq a`debiyatının` sag`asın jıraw-shayırlar do`retiwshiliginen baslap ju`rgenimiz ju`da` durıs degen so`z. Bul, demek, jıraw-shayırlar do`retiwshiligi fol`klor menen ko`rkem o`nerdin` birliginin` mısalı g`ana bolıp qoymastan, haqıyqat a`debiyat u`lgisi de esaplanadı degen so`z.

Usıg`an qarag`anda, bizin` a`debiyatshılarımız (M.Nurmuxamedov, İ.Sag`ıytov, K.Ma`mbetov) a`debiyatımızdın` sag`asın XIV a`sirde Altın Orda

awqamında jasag`an Soppaslı Sıpıra-jıraw do`retiwshiliginen baslap qa`te islemegen bolsa kerek. Bul qubılıstı XX a`sirdin` 70-80-jıllarındag`ı qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminin` u`lken tabısı dep bahalag`an maqul. Bul a`debiyatshılar XIV a`sirge deyingi a`debiy-ma`deniy miyraslardı tu`rkiy tilles xalıqlarg`a ortaq mu`lk sıpatında qaraw kerekligin usınıs etti.

Haqıyqatında da, ha`r bir xalıq o`z atag`ına iye bolmastan burın da qa`wimlik da`wirde jasap, tu`rli din ha`m saltlardı basınan keshirgen. Mifologiyalıq tu`siniktegi erte da`wirdegi ma`deniy miyraslarg`a iye bolg`an. Son`ınan payda bolg`an qa`wimlik birlespelerde de tu`r ha`m tillerdin` jaqınlıg`ı birneshe xalıqqa ortaq bolg`an a`debiyatlardı payda etkenligin ko`remiz. Bunday a`debiyatlardı tek bir xalıqtın` atı menen ataw qıyın. VI a`sirden baslap, tap XIV a`sirge shekem dawam etken tu`rk tilles xalıqlar a`debiyatının` tariyxı pa`ninin` bizin` a`debiyatımızdın` tariyxı ushın atqarg`an xızmeti de sonday. Bunda bu`gingi ku`ngi o`zbek, tu`rkmen, qazaq, qırg`ız, bashqurt, tatar, qaraqalpaq ha`m basqa da tu`rk tilles xalıqlardın` ma`deniy tariyxı jatır.

Erte da`wirde jasag`an qaraqalpaq shayırlarının` shıg`armaların jıynaw ha`m olardı baspag`a tayarlaw jumısları ha`r jıl sayın dawam etpekte. Bul tarawda a`sirese O`bekstan İlimler Akademiyasının` Qaraqalpaqstan filialının` Na`jim Da`wqaraev atındag`ı tariyx, til ha`m a`debiyat institutının` revolyutsiyag`a shekemgi qaraqalpaq a`debiyatı sektorının` alımları, No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı menen Qaraqalpaq ma`mleketlik universitetinin` qaraqalpaq a`debiyatı kafedrasının` professor oqıtıwshıları aktivlik ko`rsetpekte. İlim izleniwler na`tiyjesinde payda bolıp, pikir talasları tiykarında ju`zege asadı.

K.Ma`mbetov 1966-jılı kandidatlıq ilimiy jumıs jazg`anda o`z jumısının` tutas bir babın «Qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıwı»,-dep atap, a`debiyatımızdın` sag`ası a`yyemgi tu`rk tilles xalıqlar a`debiyatınan baslanıp, Nog`aylı birlespesindegi a`debiyat penen qosılatug`ınlıg`ı da`lillengen edi.

Son`ınan bul joba ko`rnekli a`debiyatshılarımız ta`repinen de maqullandı. Baspa so`z betlerinde akademik M.K.Nurmuxamedov «Qaraqalpaq jazba a`debiyatının` do`rewi haqqında», «A`miwda`r`ya», 1968-jıl №6, professor

İ.T.Sag`ıytov «A`debiyat tariyxın qaysı da`wirden baslaw kerek», «A`miwda`r`ya», 1968-jıl №11, K.M.Maqsetov «Soppaslı sıpıra jıraw», «A`miwda`r`ya», 1969-jıl №8, «Ja`ne de a`debiyatımızdın` to`rkini haqqında» 1972, №9; «Qaraqalpaqlar XII-XIV a`sirlerde» «A`miwda`r`ya», 1972-jıl, №10; «Nog`aylı zamanı haqqında oylar», 1972, №11; «A`yyemgi tu`rk tilles xalıqlar a`debiyatının` jazba estelikleri ha`m onın` qaraqalpaq a`debiyatın qa`liplestiriwde tutqan ornı», «A`miwda`r`ya» 1973 jıl, №3; «XVI-XVII a`sirdegi qaraqalpaq a`debiyatı» «A`miwda`r`ya», 1976 jıl, №4; ha`m tag`ı basqa maqalaları ja`riyalandı.

Usı izleniwler tiykarında 1976-jılı «A`yyemgi qaraqalpaq a`debiyatı» monografiyası ja`riyalanıp, son`ınan tap usı tema tiykarında doktorlıq dissertatsiya jaqladı.

Kamal Ma`mbetov bunnan keyin de bul tema a`tirapında «Fol`klor ha`m jazba a`debiyat», NMU baspası, 1978 jıl, «Erte da`wirdin` a`debiy estelikleri», «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis 1986-jıl kitapların shıg`ardı.

Son`ınan bul da`wir K.Mambetovtın` «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatı» (1992) monografiyasında jetkilikli da`rejede u`yrenildi. Al bu`gingi ku`n a`debiyattanıw iliminin` aldında bunnan da a`hmiyetlirek ma`sele ko`ldenen` izertlewdi ku`tip tur. Bul ma`sele qaraqalpaq a`debiyatının` X-XI a`sirlerdegi jag`dayı haqqında.

Biraq, XX a`sirdin` 90-jıllarında da ilim-pa`n rawajlandı. Ha`zir XXI a`sirdin` da`slepki on jıllıg`ının` basında turmız. A`debiyattanıw ilimi elege shekem sol 70-80-jıllardag`ı tabısları menen jasap atır.  Tariyx ilimi bolsa xalqımızdın` kelip shıg`ıw tariyxın, etnogenezin X a`sirden baslaw kerekligin da`stiyarlı da`lillep berdi.

Xalqımızdın` tariyxı X a`sirlerden baslanar eken, sonda bizin` XIV a`sirlerden burıng`ı a`debiyatımızdın` tariyxıy ta`g`dirine qalay baha beriwimiz kerek.  X-XSh a`cirlerdegi  qaraqalpaq a`debiyatı, degen tu`sinikti qalay ko`z aldımızg`a keltiriwimiz mu`mkin. Bul da`wirlerdegi qaraqalpaq a`debiyatının` wa`killeri kimler bolg`an. Bu`gingi ku`nde qaraqalpaq a`debiyatının` sag`aların qaysı

da`wirlerden baslanadı, yaki sol XIV a`sirdegi jıraw-shayır do`retiwshiligi menen sheklenip qala beremiz be. Bul a`sirlerden burın a`debiyatta sinkretizm qubılısı bolmadı ma eken. Bolg`an bolsa, Soppaslı Sıpıra jırawdın` jıraw-shayırlıq mektebi o`zinen burıng`ı qaysı a`sirlerge, qaysı jıraw-shayırshılıq mektepke barıp ushlasadı.

Bizin` oyımızsha, jıraw-shayırlar mektebi XIV a`sirlerde birden kelip shıqpag`an. Qaraqalpaq jırawshılıq mektebinin` bası Soppaslı Sıpıra jıraw ha`m aqırı da ol emes. Fol`klor menen ko`rkem o`nerdin` birligi, a`debiyattag`ı sinkretlik sıpat tek XIV a`sirlerde payda bolg`an qubılıs emes. Xalqımız tariyxı X a`sirlerden baslanar eken, a`debiyatımız sag`aları da usı a`sirlerge barıp ushlasıwı kerek.

Xosh, solay eken, usı a`sirlerde X-XSh a`sirlerdegi a`debiyatımız-ma`deniyatımız bulaq baslawshıları kimler bolg`an. Kimlerdin` do`retiwshiligin bizin` a`debiyatımızdın` payda bolıwının` sag`alarında turg`an dep qabıl ete alar ekenbiz.

X-XSh a`sirlerdegi tariyxımızg`a ser salıp qarasaq, usı a`sirlerdegi tariyxımız og`uz-qıpshaq birlespelerinin` tariyxı menen tıg`ız baylanıslı ekenligin ko`riwge boladı. Ha`zirgi tariyx iliminin` ko`rsetiwi boyınsha, apasiaklar (qaraqalpaqlar) menen awgasiyler (tu`rkmenler) Sır da`r`yanın` to`mengi quyarlıg`ı menen Aral boylarında aralasıp jasag`an. Bul qa`wimler jasag`an ma`kanlarda IV a`sirde Shıg`ıstan gunnlar (xunnlar), VI-VIII a`sirlerde tu`rkler kele baslaydı. Bul qa`wimler A`miwda`r`ya boyındag`ı apasiaklarg`a (pesheneglerge), Sırdın` to`mengi jag`ındag`ı awgasiylerge (og`uzlarg`a) aralasıp ketedi. Na`tiyjede VII-VIII a`sirlerde apasiak-gunn-tu`rk aralaspasınan Pesheneg awqamı, awg`asiy-gunn-tu`rk aralaspasınan Og`uz awqamı du`ziledi. Pesheneglerdin` jerleri ha`zirgi Beruniy (Qat, Qıyat) qalası A`miwda`r`yanın` to`mengi jag`alawları-Aral boylarınan tartıp Oral (Edil) ha`m Volga aymaqların o`z ishine alg`an.

Bul a`sirlerde og`uz-qıpshaq-peeneg qa`wimleri tek awhamlıq etnikalıq birlikte jasap qoymastan, ruwxıy-ma`deniy jaqtan da bir-birinen ajıralmay jasag`an, birgelikte ruwxıy ma`deniyat do`retken. Bunın` ayqın mısalı sıpatında sol

a`sirlerde ha`zirgi qaraqalpaq jerlerinde tuwılıp o`sip, do`retiwshilik miynet etken, biraq tu`rkiy xalıqlardın` ko`pshiligine ortaq tulg`alar sıpatında ta`n alınıp kiyatırg`an Qorqıt-Ata, Rabg`uziy, Sulayman Baqırg`aniy do`retiwshiligin atap o`tsek boladı. Ma`selen, IX-X a`sirlerde Qorqıt ata A`miwda`r`yanın` to`mengi quyarlıg`ında, Sır boylarında jasag`an bolsa, XSh a`sirdegi tu`rkiy xalıqlar a`debiyatının` iri wa`kili Rabg`uziy usı da`wirlerde ha`zirgi Aqmang`ıt rayonının` arqa batısındag`ı To`k qalada burıng`ı Rabatwg`uz degen qorg`an qalada tuwılg`an. Al Orta a`sirlerdegi Shıg`ıs oyshıllarının` biri da`rejesi jetken bizin` jerlesimiz Ha`kim Ata Sulayman Baqırg`anıydın` Qon`ırat qalasında tuwılıp o`skeni ha`zir ha`mmege ayan.

Bul, demek, X-XSh a`sirlerde bizin` jerimizde ha`zirgi Qaraqalpaqstan aymag`ında ma`deniyat, a`debiyat bolg`an degen so`z. Tariyx ilimi bolsa bul a`sirlerde usı aymaqlarda jasag`an ruw-qa`wimlerdin` qaraqalpaq xalqının` etnogenezine tıg`ız qatnası bar ekenligin anıq da`lillep otır. Demek, Qorqıt atanın` da, Rabg`uziydin` de, Sulayman Baqırg`aniydin` de bizin` ata-a`jdad-baba ka`lanlarımız ekenligine hesh qanday daw joq. Fol`klortanıw ha`m a`debiyat tariyxı ilimi Qorqıt atanın` jıraw-shayır bolg`anlıg`ın, al Rabg`uziy, Sulayman Baqırg`aniylardın` jazba a`debiyat wa`killeri ekenligin ta`n aladı. Bul, demek, Qaraqalpaqstan aymag`ında, qaraqalpaqlar arasında X-XSh a`sirlerde aq  awız-eki ko`rkem a`debiyat traditsiyaları menen birge jazba a`debiyat ten`-qatar o`mir su`rgen degen so`z. Bul, demek, X-XSh a`sirlerdegi qaraqalpaq a`debiyatı sag`aların usı eki  arnadan-Qorqıt ata usag`an jıraw-shayırlar do`retiwshiligi ha`m Rabg`uziy, Sulayman Baqırg`aniy sıyaqlı jazba a`debiyat wa`killeri do`retiwshiliginen izlew kerek degen so`z.

Ulıwma, bul mag`lıwmatlar menen ilimiy juwmaqlar erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıwı ha`m qa`liplesiwin X-XIV a`sirlerdegi fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerden izlew kerek, degen pikirge tolıq  tiykar bola aladı.

## III Ekinshi bap

## Qorqıt ata jırları - erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` fol`klorlıq bir deregi sıpatında

Qorqıttan miyras bolıp qalg`an **12** jırdı, shag`ın g`ana **12** da`stan dep atasa da boladı. Ha`r biri ko`rkem shıg`arma bolıwına qaramastan tariyxıy derekler menen baylanıslı. Atap aytqanda bundag`ı waqıyalardın` ba`ri de IX-XII a`sirlerdegi og`uz-qıpshaq qa`wimlerinin` sırtqı ha`m ishki dushpanları menen soqlıg`ısıwları so`z etilgen. Bir jag`ında peshenek, xazar, qıpshaqlar, al ekinshi jag`ında tu`rkimenler ha`reket etedi. Bul waqıyalar sol peshenekler ko`semi bolg`an A`limush ha`m Tu`rkmen xanı Seyilxan arasındag`ı qn` jıllıq urıs (**922-956**) waqıyaların tolıq o`z ishine qamtıydı.

Qorqıt ata kitabında **1043**-jılı Jan`akentti taslap qashqan Shax Maliktin` atı ataladı. Tariyxıy da`reklerde Ma`lik Saxaba arablar basqınshılıg`ı da`wirinen qalg`an en` son`g`ı xan sıpatında da ko`rinedi. Bul haqqında qaraqalpaq shejirelerinde de ayırım mag`lıwmatlar bar. Ma`selen, Berdaqtın` «Shejire» da`stanında:

A`nes, Ma`lik eki kisi,
Payg`ambardın` sahabası,
A`nes qazaqtın` babası,
Sonnan alash bolg`an eken.
Ma`liktin` ulı Razı haq,
Jaslıg`ında qoydı g`ulpaq,
Kiygen eken qara qalpaq,
Sonnan qaraqalpaq bolg`an eken.

Ja`ne de Berdaqtın` «Shejire»sinde «qaraqalpaqlardın` uranı-Jayılg`an, tu`rkmen urası-Seyilxan»-degen so`zler bar. Qorqıt ata kitabında da peshenekler sardarı A`limush, Jayılg`an degen at penen ko`rinip, Seyilxang`a qarsı urısadı.

Qorqıt ata kitabının` da`slepki bo`limi naqıl-maqal so`zlerden baslanadı. Bul so`zlerdin` ko`pshiligi bizge tanıs. Ha`r ku`ni oshaq bası aytılıp ju`rgen so`zlerden parqı joq. Biraq so`z bolg`anda da en` sereleri saylap alıng`an. Haqıyqıy poeziya dep atasa boladı. Uyqas jelisleri de tap sol tu`rinde saqlang`an. Awdarma dep ataw da qıyın. Mısalı:

Baylıq baxıt a`kelmes,
Salma ten`iz toltırmas,
O`zimshil o`zgeni oylamas,
Menmendi quday sıylamas,
Sabırlı at su`rinbes,
Menmenge baxıt berilmes,
Erkelep o`sken qız bolmas,
O`zin`nen tuwmay ul bolmas,
Jattın` ulı qashag`an,
O`zgenin` qızı oshag`an,
U`yilgen topıraq taw bolmas,
Doslasqan el jaw bolmas,
Eshekten tulpar bolmas,
Mıyqıdan sun`qar bolmas,
Ko`k sho`p o`sip tal bolmas,
Oynastan hayal bolmas,
Gu`l suwıqta o`spes,

Ketik qılısh kespes,

Tozg`an paxta bo`z bolmas,

A`welgi dushpan el bolmas,

At qıynalmay jol baspas,

Jaraqlı dushpan bag`ınbas,

Sıqmar jomart atanbas,

O`sekshil o`rge o`te almas,

Anası jamannın`-qızı jaman,

Atası jamannın`-ulı jaman,

Ananın` kewli balada,

Balanın` kewli dalada.

Qorqıt ata kitabının` baslanıwı tap usınday etip dawam ete beredi. Bılayınsha qarag`anda o`zlerimiz aytıp ju`rgen naqıl-maqallardan heshqanday parqı joq. Qorqıttan ko`p so`z qalg`an. Bunı ha`rbir jıraw o`zinshe jetildirip, ayırımları awızeki xalıq do`retpesi qorına da o`tip ketken.

***

Qorqıt ata jırları menen Qorqıttın` naqıl so`zleri, ol haqqında an`ızlar qaraqalpaq arasında ken` tarqalg`anın aytpag`annın` o`zinde, qaraqalpaqlar da basqa tu`rkiy tilles halıqlar sıyaqlı «Qorqıt ata» jırlarının` ten` huqıqlı miyrasxorı. Sebebi, Altaydag`ı Tu`rk qag`anatı ıdırag`annan keyin (740-j.) Sır boyında Og`uz-qıpshaq ulısı payda bolıp, onın` negizin qurag`an ruw-qa`wimler burıng`ı Tu`rk qag`anatının` batıs bo`legindegi bayandur, salor, bayat, qay, pesheneg, kimaq, qıymaq, qıpshaq taypaları edi. Bul da`wirde Sır, Aral a`tirapındag`ı saklar o`zlerin «Og`uz» dep atay basladı.[5] Olardın` tiykarg`ı qalaları-Otırar, Su`tkent, Tu`rkstan, Sıg`naq, Uzkent, Jent, Barshınkent, Jankent, Janqala bolg`an. Olar tiykarınan U`stirt, Emba (Jem), Jayıq ha`m de Sır, Aral a`tirapların jaylag`an.

[5] Ocherki istorii oguzov i turkmen Sredney Azii IX-XIII v, v. Ashxabad. Ilım, 1969.

**712**-jılı Sır boyın arablar jawlap aladı. Uzaq waqıt shaman menen islamnın` gu`resi ju`redi. En` birinshi edildegi peshenegler islam dinin qabıl etedi (**922-j**.). **922-956**-jıllar aralıg`ında pesheneg taypası menen Jankenttegi salor, bayandur taypası qn` jıl jawlasadı. Son`ıraq (**1055-1066**-jılları) pesheneg batırları Xaldan menen Keden o`z-ara jawlasıp qaladı. Bul jawlasıw olardın` bo`liniwine alıp kelip, Vizantiya ha`m Venger (Balkan) jerlerine ketip, xristian dinin qabıllawg`a ma`jbu`r etedi. Sır boyında pesheneglerdin` biri bo`legin basqarıp Man`g`us (Manash) g`ana qaladı.

A`.Qon`ıratbaevtın` bul ko`rsetiwinshe, **956-j.** Jent qalasında seljuk begi Sanjar Doxaq ulı (Seljuk) islam dinin qabıllaydı. X a`sirdin` aqırg`ı shereginde Jankentli Og`uzlarda musılman saltına tu`sedi. Bul waqıya Sırdag`ı og`uz-qıpshaq ulısının` bu`lginshilikke tu`siwine alıp keledi. Sebebi, Sırdag`ı ug`ız-qıpshaqlar islam dinin qabıl etkisi kelmey, o`zlerinin` shamanlıq saltında qalg`anın maqul ko`redi. Peshenegler qıpshaq ulısı ta`repinde turg`an bolıwı mu`mkin. Sebebi, IX a`sirde Jankent og`uzları menen Jayıq boyındag`ı pesheneg ha`m bashqurt qa`wimleri **40-50**-jıl jawlasqan. Da`slepki waqıtta peshenegler og`uzlardan u`stem bolg`an. Ma`selen, «Qorqıt ata» jırında da peshegenler og`uz begi Qazan-salordın` ulısın shawıp ketedi. Qazan bolsa ko`p jıl o`tken son` o`zinin` qolg`a tu`sken anasın pesheneglerden tuwg`an eki balası menen qaytarıp aladı. Bular-Ekrek, Sekrek.

İslam dinin qabıl etiwi menen jawlasıp qalg`an Jent penen Jankent birlesip, o`zlerin «Jabıg`a» -burıng`ı Tu`rk qag`anatının` izindegi elmiz, dep ja`riyalaydı. Bul bolsa, Jankent xanlarının` Sırdag`ı basqa tu`rk ruwlarınan o`geyleniwine alıp keledi. Aqırı Jankent xanı Shaxma`lik, onın` balası A`liy **1043**-jılı Sırdan etiwge ma`jbu`r boladı. Solay etip, og`uzlar Seylxan (Seljuk) Jayılxan (Qıpshaq) bolıp ekige bo`linip ketedi.Sırdan batısqa ketken Seyilxan toparı da o`z ishinde bir neshshege bo`linip bir tobı İrang`a, bir tobı Kavkazg`a awadı. Batısqa ketken bul taypalar «Qorqıt ata» jıllarında salor, bayandur taypaları bolıp su`wretlenedi. Olardın` (og`uzlardın`) bir bo`legi XIII a`sirde Mang`ol shabılıwınan qorg`anıw maqsetinde Anatoliya jerine barıp, Seljuklar dinastiyasın qurg`an (**1225-1258).**

Sanjarlar menen Qaramanlardı Sırdan ıg`ıstırıwg`a ma`jbu`r etken bul gu`reslerdin` bir jag`ında badjqart (bashqurt) penen badjanaq (pesheneg) ruwları da bolg`an.[6] Demek, bul waqıyalardan og`uzlar tariyxının` qaraqalpaqlar tariyxına da ma`lim da`rejede ortaqlıg`ı bolg`anlıg`ın seziwge boladı.

Ulıwma, **956**-jıldan keyin og`uzlar Batıs (musılman), Shıg`ıs (shamanist) og`uzlar bolıp eki toparg`a bo`linip, o`z-ara jawlasıwdı ku`sheytken, **1043**-jılı bolsa qırdag`ı qıpshaqlar (Og`uzlardın` shıg`ıstag`ı shaman dinindegi toparı) og`uzlardın` Batısqa ketken musılman dinindegi Qazan-salor taypası menen o`z-ara jawlasıp, Og`uz-qıpshaq ulısı birotala qıyradı.

**1043**-jıldan son` qır qıpshaqları Edilge deyin barıp, Xazar ma`mleketin jawlap aladı. **1055-1066**-jıllar aralıg`ında Azov peshenegleri bolsa o`z-ara jawlasıp, Xaldardın` a`q taypası Vengriyag`a Balkan a`tiraplarına. Keden baslag`an 2 taypa Vizantiyag`a ketedi. Vizantiyag`a ketken topar birotala xristianlasadı. Peshegenlerdin` Shekli ulı A`lmush (Mang`us, Manash) baslag`an Shıg`ıs qanatı bolsa Jem, Sag`ız boyına sheginedi. Qıpshaqlar Xazarlarg`a qarsı urısta peshenegler menen awxamlas bolıp, Shekli (Shekti. Ko`bikli) ta`repinde boladı. (Xazar patshası Ku`nshaq A`lmushtın` qızın olja qılıp alg`an edi). Solay etip, Aral-Edil peshenegleri menen qıpshaqlar awqamlaslıqta boladı.

Pesheneg-qıpshaq awxamlasıp atırg`anda, og`uzlardın` Kavkazg`a ketken taypaları da bu`lginshilikke tu`sip, Salor (Xassan, Qazan) menen Bayandur taypası o`z-ara jawlasadı, Qaraman (tu`rkmen) o`z aldına el, ulıs jasaydı.[7]

Ko`rip otırg`anımızday, qaraqalpaqlardın` etnogenezinde baslı orındı iyeleytug`ın pesheneg qa`wimi tariyxı «Qorqıt ata» jırların kamalg`a keltirgen og`uz-qıpshaq ulısının` tariyxı menen tıg`ız baylanıslı, ha`tteke bul birlespede tiykarg`ı orınlardın`birin iyelegen.

Ha`zirgi tariyx iliminin` ko`rsetiwi boyınsha, apasiaklar (qaraqalpaqlar) menen awgasiyler (tu`rkmenler) Sır da`r`yanın` to`mengi quyarlıg`ı menen Aral

---

[6] Qon`ıratbaev A`. Tyurkologiya ja`ne epos.-Almatı: «”ılım», 1986, 111-bet.
[7] Qon`ıratbaev A`. Tyurkologiya ja`ne epos.-Almatı: «”ılım», 1986, 82-83-bet.

boylarında aralasıp jasag`an. Bul qa`wimler jasag`an ma`kanlarda IV a`sirde Shıg`ıstan gunnlar (xunnlar), VI-VIII a`sirlerde tu`rkler kele baslaydı. Bul qa`wimler A`miwda`r`ya boyındag`ı apasiaklarg`a (pesheneglerge), Sırdın` to`mengi jag`ındag`ı awgasiylerge (og`uzlarg`a) aralasıp ketedi. Na`tiyjede VII-VIII a`sirlerde apasiak-gunn-tu`rk aralaspasınan Pesheneg awqamı, awg`asiy-gunn-tu`rk aralaspasınan Og`uz awqamı du`ziledi. Ha`zirgi Beruniy (Qat. Qıyat) pesheneglerdin` jerleri A`miwda`r`yanın` to`mengi jag`alawları-Aral boylarınan Oral (Edil) ha`m Volga (Jayıq) aralıg`ındag`ı ken` aymaqtı o`z ishine alg`an.

VIII-IX a`sirlerde peshenegler og`uzlar menen tıg`ız ekonomikalıq-siyasiy baylanısta bolg`an, ha`tte og`uzlar menen awqamlas bolıp, olardın` basqa ma`mleketlerge bolg`an atlanıslarına qatnasqan. Biraq X a`sirdin` basında og`uzlar Xazarlar menen birigip pesheneg awqamının` batıs bo`legin ekige bo`lip bir bo`legin Vizantiyag`a, bir bo`legin Kiev Rusı ta`replerge shıg`ıp ketiwge ma`jbu`r qılg`an. Bul da`wirlerde Araldın` tu`sligindegi Shıg`ıs bo`legi ha`zirgi «Qaraqalpaq» atamasın iyelegen. XI a`sirdin` birinshi yarımında Aral a`tirapındag`ı qalg`an bul Shıg`ıs peshenegleri, qaraqalpaqlardın` jerine Sibir`, Ertis tamanlardan qıpshaqlar basıp kirip, pesheneglerdi o`zlerinin` **1066-**jılg`ı rus jerlerine basıp kirgen sawashlarına qatnastıradı. Shıg`ıs pesheneglerdin` qıpshaqlar menen rus jerlerine barıp qalg`an ayırım bo`lekleri Dnepr da`r`yasının` Ros` degen tarmag`ın boylap jaylasadı. Torchevsk qalası olardın` oraylıq qalalarının` biri bolg`an. **1140-**jılı Shıg`ıs pesheneglerdin` usı jerge kelip qalg`an bir bo`legi rus jılnamasına «Chernıe klobuki» degen at penen kiredi.[8]

Bul uzıinan uzaq tariyxtı aytqandag`ı maqsetimiz «Qorqıt ata»dag`ıday tariyxıy real`lıq elementleri «Edige» da`stanında da ken` orın alg`an, «Edige» da`stanın jırlawshı-do`retiwshiler bul tariyxıylıq sıpattı beriw da`stu`rin «Qorqıt ata»dan menterse kerek demekshimiz.

Pesheneglerdin` og`uz-qıpshaq usılı menen baylanısının` joqarıdag`ıday qarama-qarsılıqqa tolı quramalılıg`ınan bolsa kerek, ayırım ilimpazlar (Bernshtam)

---

[8] Kamalov S., Qoshanov A`. Qaraqalpaqstan tariyxı. No`kis: «Bilim», 1993, 92-98, 116-121-bet.

«Qorqıt ata» jırların pesheneglerdin` **958**-jılg`ı Kievte jasag`an gezinde tuwg`an deydi. A`.Qon`ıratbaev onı **965**-jılg`ı Xazar ma`mleketinin` qulawı menen **1043**-jılg`ı Jankent ulısının` ıdırap, og`uzlardın` batıs-shıg`ıs toparlarg`a bo`linip ketiw waqıyaları menen baylanıstıradı.

Pesheneglerdin` og`uz-qıpshaq birlespesine qatnası menen «Qorqıt ata» jırlarına ortaqlıg`ı ma`selesinin` durıslıg`ın biz «Qorqıt ata» jırlarında su`wretlenilgen waqıyalardan da ko`remiz. Ma`selen, ko`p jılg`a sozılg`an og`uz-qıpshaq bulginshiligi tusında, anıg`ıraqı og`uzlardın` Seyilxan (Seljuk - tu`rkmen), Jayılxan (pesheneg-qıpshaq) bolıp ekige bo`linip jawlasqan da`wirlerinde peshenegler batırı Keden menen qara qıpshaq batırı Qoblan Jayılxan jag`ında tursa, Qazan-salor, Qaraman sıyaqlı batırlar Seyilxan ta`repinde turadı. Pesheneglerdin` batırı Ba`msi-Bayraq (Alpamıs) bolsa eki jaqtın` birligi ushın gu`resip qaza tapqan. Onı Qazang`a o`kpelep elin bo`lip alıp ketken Aruz (qıpshaqtın` asırap alg`an balası) o`ltirgen. Ol, Ba`msi-Bayraq qıpshaqlarg`a ku`yew bolg`an. Peshenegtin` ja`ne bir batırı Kedennin` Qazan menen kelisim du`zgen waqıtları da bolg`an.[9] Qullası, Qorqıt ata jırlarının` tiykarg`ı bo`legin pesheneg-salor jawlasıwlarına baylanıslı waqıyalar iyeleydi. Ma`selen, Qazannın` awılın jaw shapqanı tuwralı jır menen Oraz, Erkek, Sekrek jırları usınday mazmunda.

Solay etip, «Qorqıt ata» jırların bir g`ana Bayandur (seljuk-azerbayjan), Qazan-Salor (Seyilxan-tu`rkmen) ulıslarına tiyisli dew qa`te. Ol (jır-.) en` da`slep X a`sirde Sır (Tu`rkstan) taypaları arasında tuwıp, son` XV a`sirde Kavkaz jerinde Bayandur xan sarayında (**1337-1402** j.j) xatqa tu`sken. Onda IX-X a`sirde Sır boyında bolg`an og`uz-qıpshaq ulısının` shejiresi menen tariyxı basım, sol ushın da ol pu`tkil tu`rkiy tilles taypalar eposının` sag`asında turadı.[10] Demek, «Qorqıt ata» jırı «Edige» da`stanının` janrlıq belgilerinin` jetilisiwinde de tiykarg`ı ko`rkem da`reklerdin` biri bolıp esaplanadı. Bunı, biz «Qorqıt ata» jırı menen qaraqalpaq qaharmanlıq da`stanının` arasındag`ı syujetlik jelis penen qaharmanlıq motivlerdin` tipologiyalıq usaslıqlarınan ayqın seziliwimizge boladı.

---

[9] Qon`ıratbaev A`. Tyurkologiya ja`ne epos.-Almatı: «"ılım», 1986, 144-bet.

[10] Sonda 183-bet.

Bunı, yag`nıy Qorqıt ata kul`tinin` tu`rk xalıqlarına ortaq ekenligin en` birinshiret ta`n alg`an ilimpaz V.V.Bartol`d boldı. Ol o`zinin` «Qorqıt» degen maqalasında «Qorqıttın` go`ri» haqqındag`ı tu`rkimen an`ızın keltirip: Qorqıt kul`tı og`uz-tu`rkimenler sıyaqlı Sırdın` to`mengi quyarlıg`ında jasag`an qırg`ız (peshenek-qıpshaq-A.K.) qa`wimlerine de ortaq ekenligin tastıyıqlaydı.[11]

Biz, Qorqıt ata haqqında V.V.Bartol`d keltirgen bul an`ızdın` qaraqalpaqlar arasında ken`nen tarap, «Qayda barsam, Qorqıttın` go`ri» degen turaqlı so`z dizbegine aynalıp ketkenligin esapqa alatug`ın bolsaq, Qorqıttın` qaraqalpaqlarg`a da ortaq ekenligine hesh shubha keltirmeymiz.

Endi Qorqıttın` jırawshılıq o`nerinin` bu`gingi Orta Aziya ha`m Qazaqstan aymag`ında jasawshı a`yyemgi tu`rk xalıqları, sonın` ishinde qaraqalpaq xalqının` jırawshılıq ma`deniyatının` sag`asında turatug`ınlıg`ı ma`selesine kelsek, V.M.Jirmunskiydin` «Og`uzskiy geroicheskiy epos» i «Kniga Korkuta» dep atalatug`ın u`lken miyneti bul ma`selesinin` haqıyqıy bet asharı bolıp xızmet etedi.[12] Ol bul miynetinin` «Bamsi-Beyrek» i «Alpamıs» dep atalatug`ın V bo`liminde «Qorqıt ata kitabı»ndag`ı «Basmi-Bayraq» jırının` «Alpamıs»tın` Qon`ırat versiyasına (o`zbekshe, qaraqalpaqsha, qazaqsha redaktsiyalarına) o`zinin` tiykarg`ı syujetlik liniyası, qaharmanlardın` genetikalıq birligi, ideya ha`m obrazlar sisteması, qaharmanlıq motivi boyınsha jaqın ekenligin aytıp, «Bamsi-Bayraq» «Alpamıs»tın` en` da`slepki og`uz versiyası ekenligin da`lilleydi.[13]

«Bamsi-Bayraq»ti ulıwma «Qorqıt ata kitabı»ndag`ı naqıl so`zler menen jırlardı qaraqalpaq fol`klorı, a`sirese qaharmanlıq da`stanlar menen baylanıstırıp izertlew tendentsiyası son`g`ı waqıtları qaraqalpaq ilimpazlarının` miynetlerinde de ken`nen orın almaqta. Ma`selen, ko`rkem o`ner izertlewshisi A.Allamuratov qaraqalpaq jırawshılıq mektebin XIV a`sirdegi Nog`aylı jıraw-shayırları Soppaslı Sıpıra jırawdan emes, IX a`sirlerde Sırdın` to`mengi ag`ımında jasag`an Qorqıt ata

---

[11] Bartol`d V.V. Sochineniya. T.U. (Rabotı po istorii filologii tyurkskix i mon`gol`skix narodov).-M., «Nauka», 1968, 236-237.
[12] Jirmunskiy V.M. Tyurkskiy geroicheskiy epos.-L., «Nauka», L.O., 1974, s. 517-632.
[13] Sonda, 584-589-b.

do`retiwshiliginen baslaw kerek[14], degen ideyasın alg`a su`rse, belgili fol`klorist Q.Ayımbetov penen a`debiyatshı Q.Ma`mbetov, S.Bahadırova miynetlerinde[15] Qorqıt ata tu`rkiy xalıqlar jırawlarının` piri, qobızdı oylap tapqan belgili so`z ustası, so`z zamanının` jetik danıshpanı, oyshıl-jırshı atqarıwshısı ha`m ko`rnekli so`z sheberi-do`retiwshi sıpatında bahalanıp, onın` kitabındag`ı geypara jırlardı qaraqalpaq da`stanları menen salıstırıp izertleydi. Olar bul izertlewlerinde «Alpamıs», «Edige» sıyaqlı da`stanlardın` qaraqalpaq versiyasındag`ı qaharmanlıq mativler menen mifologiyalıq syujetlerdin` jelisi «Qorqıt jırları»na barıp ushlasatug`ının aytadı.

Bul orında biz, Q.Ma`mbetovtın` «Qorqıt ata jırları» menen «Edige» da`stanı arasındag`ı da`stu`r ha`m miyraslılıq ma`selesine baylanıslı da`standag`ı(«Qorqıt ata kitabı»-A.K.) Aruz xojanın` peri qızına u`yleniwi, «Edige» da`stanındag`ı Baba Tu`kli Azizge usap ketedi[16], dep aytqan pikirlerinde jan bar ekenligin atap o`tiwimiz kerek.

Haqıyqatında da, «Edige» da`stanının` bir qansha variantlarındag`ı xanlar menen biyler, sa`rkarda batırlar obrazı, xan qızlar menen batırlardın` sadıq qostarları obrazı, ondag`ı alg`a su`rilgen tiykarg`ı ideya, a`psana-an`ız-a`n`gimeler syujetlik jelis, batırlardın` qaharmanlıq ha`reketleri, jaqsılıq penen jamanlıq arasındag`ı gu`resler, taxt talasları, xan a`tirapındag`ı «kishkene» adamlardın` batırdı joq qılıw ushın islegen ha`r qıylı hiyle-ta`silleri dushpan eki ta`rep arasındag`ı sawash kartinaları ko`pshilik jag`dayda «Qorqıt ata kitabın» eske tu`siredi. Pikirimizdin` da`lili retinde usınday usas a`debiy-fol`klorlıq qubılıslardan bir-eki mısal keltireyik:

Eki shıg`armada da «Qorqıt ata kitabı» menen «Edige» da`stanının` qaraqalpaqsha versiyasının` epikalıq variantlarında (Bekimbet, Erpolat, Qıyas variantları ha`m t.b.) da`stan jırshıları tiykarg`ı qaharmanlardın` biri sıpatında sa`wlelenedi. Ma`selen, «Qorqıt ata kitabı»ndag`ı Qorqıt og`uzlardın` u`lken xanı

---

[14] Allamuratov A. Jırawlar. «A`miwda`r`ya», 1992, N6-7.
[15] Ayımbetov K. Xalıq danalıg`ı.-No`kis, «Bilim», 1992, 37-59-b. S.Bahadırova «Kitabı dedem Qorqıt»,-No`kis. «Qaraqalpaqstan», 1992, 3-16-b.
[16] Ma`mbetov K. Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatı, 55-b.

Bayandurdın` ma`sla`ha`tshisi, ko`pti ko`rgen qariya, aqılgo`y jıraw sıpatında sa`wleleniw tawıp otırsa, «Edige» da`stanında Soppaslı Sıpıra jıraw Qorqıt atag`a usag`an ta`repleri menen Toxtamıstın` Nuratdini altı ayshılıq jerge jibergen waqıyasınan baslap Toxtamıstın` sarayına altı ayg`a bir ku`n qalg`anda jetip, kelip, Nuratdindi ta`riyiplep, Toqtamısqa aqıl-ken`es bergen epozodlarda qatnasadı.

Da`standa su`wretleniwine qarag`anda Soppaslı jıraw da, Qorqıt atanın` ko`pshilik og`uz-xanlarının` ma`sla`ha`tshisi bolg`anı sıyaqlı, Shın`g`ıstan tartıp Toqtamısqa deyingi aralıqtaqg`ı Altın Orda xanlarının` aqılgo`y-ken`esshisi, ko`pti ko`rgen qariya, danıshpan oyshıl, eldi awzına qaratqan jırshı bolg`an.

Eki shıg`armada da bekler menen xanlar bul jırawlarda o`z baslarına qıyın isler tu`sken waqıtlarda shaqırtıp otırg`an: «Edige» da`stanında Soppaslı Sıpıra jıraw Toqtamıstın` Nuratdinnen qalay qutılıwdı bilmey qısıng`an waqıtlarda shaqırtılsa, «Qorqıt ata kitabı»nda («Ba`msi-Beyrek» jırında) Qorqıt ata birda Banu Chechektin` qın`ır ag`ası Karchar menen quda tu`siwge shaqırtılsa, birde To`be ko`z da`w og`uzlardın` basına ku`n tuwdırıp, eli-xalqın qırıp-joyıp atırg`an waqıtta, da`w menen kelisim du`ziw ushın shaqırtıladı.[17]

«Qorqıt ata kitabındag`ı Aruzdın` balası Bisattın` Tebe ko`z (bir ko`zli) da`wdi o`ltirgenligi haqqında jırdag`ı qaharmanlıq motivler menen «Edige» da`stanındag`ı qaharmanlıq motivler usas keledi: Eki shıg`armada da («Qorqıt ata kitabı»ndag`ı Bisat jırı menen «Edige»nin` qaraqalpaqsha versiyasının` epikalıq variantları) da`wler (Tebe ko`z da`w menen Qara Tiyin A`lip da`w) atsa, oq o`tpeytug`ın, shapsa qılısh kespeytug`ın sıyqırlı bolıp su`wretlenedi. Biraq eki da`wdin` de bir-bir a`zzi ta`repi boladı: Biri (Qara Tiyin A`lip da`w) bir uyqlasa jeti ku`n balqıp uyıqlaydı, usı uyqılag`an waqtında, ya qoltıqtan, ya ju`rekten baylap atsa Erpolat jıraw variantı, g`h-b), sespesten qatadı. Ekinshisi (To`be ko`z) bul da bir uyqlag`anda aldıradı, aldırg`anda da bir jerinen-tek ko`zindegi etke islik tıqqanda g`ana aldırıladı. Mine, usı ko`zinin` terisi bar jerine temir qızdırıp bassa, ol da ko`zi ag`ıp part boladı. Bisat jırında da`w aspazları eki tutqın g`arrı To`be

[17] Qorqıt ata kitabı.-Almatı. «Jazıwshı», 1986, 32-b.

ko`zdin` usı a`zzi jerin aytıp, Bisattın` da`wdi o`ltiriwine ja`rdem bergen bolsa, «Edige» da`stanında Edige Qara Tiyin A`lip da`wdi Satemirdin` qızı Aqbilektin`, qoltıg`ınan baylap at, degen aqılı menen o`ltiredi. Bisat jırında Bisat jigit ag`ası Qıyannın` kegin alıw ushın To`beko`zdi o`ltiriwge ta`wekel etse, «Edige» da`stanında Edige Satemirdin` da`w qolında tutqın bolıp keten qızı Aqbilekti qutqarıw ushın tuwısqan bo`lesi Qara Tiyin A`lip da`wdi o`ltiredi.

Bul shıg`armalardag`ı eki da`w de (To`be ko`z da`w menen Qara Tiyin A`lip da`w) peri qızınan tuwılg`an boladı. Eki da`wdin` de du`n`yag`a keliw waqıyası bulaq boyınan baslanadı. Bisat jırında Tebe ko`z da`w Aruzdın` Qon`ır og`uz qoyshı degen shopanının` jaylaw jag`asındag`ı «Uzın bulaq» degen ko`lde ushıp ju`rgen perilerdin` biri menen baylanıs jasap qoyıwınan tuwılsa, «Edige» da`stanında Edige Qubır degen a`wliynin` boyında jasawshı Baba Tu`kli A`zizdin` kepter kebindegi peri qızg`a na`ka tu`siwinen bina boladı. Eki shıg`armadag`ı eki perinin` ku`yewlerin ta`rk etip ushıp ketiw waqıyalarında da jaqınlıq bar. To`be ko`zdin` peri anasının` u`rkip ushıp baratırg`anda Qoyshıg`a aytqan ga`pi menen Qara Tiyin A`lip da`wdin` peri anasının` u`rkip ushıp baratırg`anda Qoyshıg`a aytqan ga`pi menen Qara Tiyin A`lip da`wdin` peri anasının` da`wge Edige haqqında aytqan ga`plerindegi ko`regenlik sıpatlarda birdey. Ma`selen, Bisat jırında To`be ko`zdin` peri anası Qoyshıg`a, endi bul bala og`uz eline bu`lginshilik salatug`ın boldı, dep aytqan ga`pi tuwra kelip, To`be ko`zdin` adam jeytug`ın meshkey da`w bolıp shıqqanınday, «Edige» da`stanında Qara Tiyin A`lip da`wdin` anasının` aytqanı keledi: A`lip da`w anasının` aytıp ketkenindey, tuwısqan bo`lesi Edigenin` atqan og`ınan o`ledi. «Edige» da`stanında eki dushpan Edige menen Qara Tiyin A`lip da`wdin` tuwısqan bo`leler bolg`anınday, Bisat jırında eki dushpan Bisat penen To`be ko`z da`w bir adamnın` Aruzdın` (Bisat bel balası, To`be ko`z da`w ko`l boyınan tawıp alg`an asırandı balası) balaları boladı. Eki shıg`armadag`ı bas qaharmanlardın` tuwılg`andag`ı ta`g`dirleri birdey: Bisat jırında Bisat og`uz eline jaw shapqanda, anasının` qorjınınan tu`sip qalıp, tog`ayda arıslannın` su`ti menen awızlansa, «Edige» da`stanında Edige a`kesi Baba Tu`kli A`ziz peri aldındag`ı sha`rtin buzg`anında, peri ushıp ketip, bir daraqtın` basına

barıp bosanıp, qalay emizerin bilmey otırg`anında Tuman xojanın` shorısının` emiziwi menen aman qaladı.

Bul shıg`armadag`ı batırlardın` (Bisat penen Edigenin`) da`wler menen ayqasqa tu`ser aldındag`ı sıyınıw motivleri de birdey: Bisat otqa tabınıw saltına baylanıslı ta`n`irge (quyashqa) ju`ginse; Edige musılman da`stu`rine baylanıslı pirlerge sıyınadı. Bunday sıyınıw orınlardı Qorqıt ata kitabının` Bekil ulı A`rman batır, Dirse ulı Buxashjan tuwralı jırlarında da gezlesedi.

Eki shıg`armada da da`wlerdin` portretlerinin` jasalıwında ma`lim da`rejede jaqınlıq bar, eki da`w de adamıyzatqa ersi tu`yiletug`ın sıyqırlı sıpatları menen bir-birine usas keledi: Bisat jırında To`be ko`z da`w «u`sti bası ten`bil-ten`bil aydarxa sıpatlı bir na`rse», «To`besinde jalg`ız ko`zi bar», dep su`wretlense, «Edige» da`stanında (Erpolat jıraw variantında) Qara Tiyin A`lip da`w «Qaynatqan temir sıpatlı», «tuwrı kelgen ba`ledey», «bası-to`rbe ayag`ı-esikte jatırg`an» bolıp gewdelenedi.

Eki shıg`armada da batırlardın` sawash maydanına tu`siw, balanın` atag`a usap batır bolıwg`a umtılıw, qas batırdın` sawash maydanında qaharmanlıq epizodları bir-birine jaqın etip su`wretlenedi. Mısalı, Qazannın` ga`wirlerge gijinip aytqan:

Dini qara ga`wirdin`
Sanı qansha bolsa da,
Qayıspas qara polat penen
Qıl moynınan turarman,
Basın kesip alarman (Qorqıt ata kitabı, 91-bet) -degen ma`rtlik so`zlerinen Edigenin` Nog`aylıdan ketip baratırıp Toqtamısqa ashıw etip abay etken mına erlik so`zlerinin` onsha parqı joq ekenligin ko`riwimizge boladı:

Aqsaq ulı Satemir
Bizni sıylap qol berse,

Qalın` la`shker qol menen

Neshe mın` qara top penen,

Shul Nog`ayg`a kelermen,

Toqtamıstay xanın`nın`

Qabırg`asın Kenjembay,

Say suwınday sıg`arman

(Edige. Bekimbet jıraw variantı)

Usınday usaslıqlar batırdın` sawash maydanındag`ı qaharmanlıq ha`reketlerin suwretlegen orınlarda da seziledi. Mısalı, Qazan-Salordın` awılın jaw shapqanı tuwralı jırda:

«Sırtqı og`uzlardın` jigitlerin baslag`an Dondaz on` qanattan tiydi. Sol qanattan Qara Kene menen er jigit batır Bodıq jigitleri tiydi. İshki og`uzlardın` beklerin baslag`an Qazan ortalıqtan tiyisti, ol Shekli patsha menen ayqasıp, onı qulınday shın`g`ırtıp attan awdarıp tu`sirdi» (**32-b**.)

«Edige» da`stanında (Bekimbet jıraw variantında):

Toqtamıs xan batırı

Alan`g`asar Baynazar

Bul da shıqtı ortag`a

Satemir xan batırı

Taymas Arıslan der edi

Bul da shıqtı ortag`a

Edigeni shul ko`rip

Qattı qa`ste boldım dep,

Baqırıp qashtı Baynazar

Eki shıg`armadag`ı batırlardın` balaların batırlıqqa u`yretiw da`stu`rlerin su`wretlengen orınlarda da aytaylıqtay usaslıq bar.

«Qorqıt ata kitabı»ndag`ı (Qazanbektin` balası Orazbektin` jawg`a qalay tutqın bolg`anı tuwralı jır, **58-59-b.)** Qazanbektin` balası Orazbek jaw menen sawashqa tu`siwge a`kesinen ruxsat sorasa, «Edige» de (Erpolat jıraw variantında **82-b**.) Nuratdin Toqtamıs a`skerleri menen sawash ju`rgiziw ushın a`kesinen ruxsat soraydı. Mısalı, «Qorqıt ata kitabı»nda:

«Oraz so`ylep ketti. Tın`lan`ız, xan iyem, ol ne aytqan eken» O, bek tuwg`an a`kem**!** So`zin`di uqtım. Arafat tawında erkek toqlı qurbanlıqqa shalınıptı deydi g`oy**!** Ul a`kesinin` dan`qın shıg`arıw ushın tuwadı. Balası beline qılısh baylasa, ol a`kesinin` g`amı. Sennen ayanıp qalatug`ın janım joq**!** dedi Oraz.

Xan iyem og`an Qazan ne degen eken, sonı esitin`iz: «O, ulım sen jaw ordasın ko`rgen joq edin`. Bas kesip, bas kesip adam o`ltirgen joq edin`, qan to`kpedin`: Qasları sıyaqtay bolıp shanshılg`an qırq jigitin`di alıp taw basına shıq. Onın` bawrayı qanday sulıw. Sol jerden sawash quratug`ınımdı, jaw tobına qalay kirip, qalay qıratug`ınıma, a`dis-hiyleme ko`zin`di salıp tur, so`ytip a`ken`nin` qalay sawash qurg`anın ko`r. Oraz a`kesinin` aytqanın isledi». (**58-59-b**) . «Edige» da`stanında:

Kekliden kelim alayın,

O`shliden o`shim alayın,

Ata, jawıp bersen`-a`**!**

Tamashamdı ko`rsen`-a`**!**

Edige turıp so`yleydi:

-Jaw ko`rgenin` joq edi,

Jalg`ızım mag`an juwap bersen`-a`,

Bizler-ustaz, sen-sha`kirt

Bul urıstın` ta`limin

Jalg`ızım, mennen ko`rsen`-a`**!**

Atasının` ha`mirin ta`rk etpedi balası».

Eki shıg`armadag`ı atalı-balalı batırlardın` ko`p jıllıq ayralıqtan bir-birin bilmey g`aybana ushrasıwın su`wretleytug`ın orınlardag`ı metaforalıq obraz jasaw usıllarıda bir-birine u`nles keledi:

1. «Qorqıt ata kitabı»nda (Og`ız qazılıq balası Ju`ginek haqqında jırda, **88-b**.).

Men ketkende bir a`rwana keledi buwaz qalıp edi, sol urg`ashı buta tuwdıma, erkek buta tuwdı ma**?** Qoramda bir sawlıq buwaz qalıp edi, sol urg`ashı qozı tuwdı ma, erkek qozı tuwdı ma**?** U`yimde ko`zi ku`ndey, ju`zi ayday sulıw yarım qalıp edi. Sol ul tuwdı ma, qız tuwdı ma**?** Meni umıtpag`an bolsan`lar, bul sorawıma juwap berin`ler, bek jigitler depti Og`ız Qazılıq. Bug`an Ju`genek (Qazılıqtın` balası.) juwap beripti. Tın`layıq xan iyem, ol ne dep juwap bergen eken:

«U`yin`da a`rwanan` buwaz qalsa, ol erkek bota tuwdı, Qara qıylı qoranda bir sawlıg`ın`ız buwaz qalsa, ol qoshqar tuwdı. U`yin`de ju`zi ayday a`yelin` ju`kli qalsa, ol ol arıslan tuwdı»,-depti Ju`genek.

**3**. «Edige» da`stanında (Erpolat jıraw variantında**, 60-61-b**.) Nuratdinnın` so`zi:

-Man`-man` basqan, man` basqan,

To`rt ayag`ın` ten` basqan.

Shuwdaların shan` basqan

O`rkeshlerin may basqan

Qara narım joyıttım.

Kekire basın kert otlar,

Ketpen quyrıq qoyımnan

Mu`yizleri shıg`ırshıq,

Qoyıma qasqır shaptırmas,

Da`regi mag`an taptırmas

Qoshantayım atası-

Aq mu`yizli aq qoshqar joyıttım,

Bunı izlep shıg`ıp em,

Ko`rgen bilgen barmısan`**?**

Edigenin` juwabı:

-Man`-man` basqan, man` basqan,

To`rt ayag`ın ten` basqan,

Shuwdaların shan` basqan,

O`rkeshlerin may basqan,

Qabırg`a uzın, qarnı ken`,

Qara narın` jog`altsan`

Joytqan jog`ın` men,-dedi

Kekire basın kert otlap,

Ketpen quwrıq qoyınnan

Qoyına qasqır shaptırmas,

Da`regi-tegi taptırmas

Qoshantaydın` atası-

Aq mu`yizli aq qoshqar joyıltsan`

Joytqan jog`ın` men-dedi.

Qorqıttın` naqıl so`zleri menen «Edige» da`stanında ko`rkemlew quralları sıpatında isletilgen aforizmlerde de qanday da bir jaqınlıq ko`riwge boladı. Ma`selen, «Qorqıt ata kitabı»ndag`ı: «Ku`ndeske sarpay shapan japqan menen ba`ybishe bolmas qara eshektin` basına ju`wen taqqan menen tulpar bolmas» (**7-81**-b.) degen naqıl so`zler menen «Edige»nin` Erpolat jıraw variantındag`ı «Qul balası qulg`a usar, qulag`ı kesik iytke usar» degenge usag`an aforizmlerde qanshelli ma`nilik, stil`lik jaqınlıqlardın` bar ekenligin da`lillep otırıw artıqmash bolar.

«Qorqıt ata kitabı»ndag`ı jıllar menen birge syujetlik tuwısqanlıqlar «Edige» da`stanının` kitabiy-qıssalıq, liro-epikalıq variantlarında da ku`shli ko`zge taslanadı. Bunın` ayqın sıpatında biz «Edige» da`stanının` «Edige» dep atalatug`ın Xorezm (N.Da`wqaraev variantın), «Tulım biy» dep atalatug`ın Shabbaz (O`tepov Aqbay) variantın, «Edige ibn Tu`kli A`ziyz qıssası» dep atalatug`ın Qon`ırat (Qa`limbet qıpshaq) variantın keltirip ketiwimiz mu`mkin.

Bul u`sh variant ha`r qıylı waqıtta, ha`r qıylı informatorlardan, ha`r qıylı aymaqlardan jazıp alınıwına qaramastan, ideyalıq bag`ıtı menen syujetlik jelisi jag`ınan bir-birinen onsha parq qılmaydı. Tiykarg`ı ayırmashılıqları dep ko`lemlerinin` u`lken-kishiligin, til o`zgeshelikleri, ko`rkemlik da`rejesin keltirip ketiwimiz mu`mkin. Su`wretlenetug`ın waqıya tiykarınan ha`mmesinde birgelki ha`m bir izbe-izlikte sa`wleleniw tapqan. U`sh varianttada bir forma-qıssa, yag`nıy liro-epikalıq forma tan`lang`an. Biraq ha`r bir informator-do`retiwshi (qıssaqan, yaki baqsı) da`stang`a tiykar etip alıng`an waqıyanı izbe-izligin buzbag`an halda bir jeliste o`zinshe til menen ıqsham, yaki uzaq etip bayan etip bergen. Mısalı, «Edige ibn Tu`kli A`ziyz qıssası»nda, kitabiy-jazba stil`din` ta`siri, eski tu`rk a`debiy tilinin` elementleri ko`birek ko`zge taslansa, Xorezm variantında a`piwayı so`ylew tili elementleri basım. Al, Shabbaz variantı bolsa o`zinin` ıqshamlılıg`ı, ko`rkemlik da`rejesi boyınsha bul eki varianttanda biraz parq etip turadı. Sol ushın

da biz «Qorqıt ata kitabı»ndag`ı jırlar menen usı variant tekstin salıstırıp izertlegendi maqul ko`rdik.

«Qorqıt ata kitabı»nın` birinshi jırı-«Dirsexan ulı Buqashjan tuwralı jır» dep ataladı. Bul jır o`zinin` syujetlik jelisinin` baslanıwında «Tulım biy» da`stanının` syujetlik jelisinin` baslanıwın esletedi. «Dirsexan ulı Buqashjan tuwralı jır»da waqıya Dersexannın` biyperzent bolg`anı ushın xanlardın` xanı Bayandur xannan jaza alıwınan baslang`anı sıyaqlı, «Tulım biy» da`stanında da waqıya qaraqalpaqtın` uyg`ır ruwınan, Toqsan biydin` baslıg`ı Tulım biy biyperzent bolg`anı ushın Toqtamıstın` ba`rgadan (da`rgayıdan, saraydan-A.K.) shıg`arıp jiberiwinen baslanadı. Eki shıg`armadag`ı bul qudag`a jazg`an bendelerdin` o`zlerinin` bala-shag`asını kelip mun`ın shaqqan payıtları da bir-birine usas keledi. «Buqashjan tuwralı» jırda Dirsexang`a hayalı ta`selle bergenindey «Tulım biy»de Na`wba`ha`r-biybi ku`yewi Tulım biyge ta`selle beredi. Eki shıg`armadag`ı biyperzent mo`hminlerdin` qudadan ul tilep ullı bolıw waqıyaları da syujetlik jelistegi waqıyanın` bir tekles rawajlanıw bag`ıtın an`latıp turadı. Dirsexan el-xalqın jıyıp, u`lken toy berip, pa`tiya alıp ullı bolsa, Tulım biy mal-mu`lkin amanatqa tapsırıp, elden shıg`ıp ketip, Ha`kim ata Qubır degen a`wliyege qudadan ul tilep, qoshqar soyıp, sadaqa tarqatıp atırg`anında, sho`pshek teriwge ketken shorısı g`ayıptan tayıp ul tuwıp a`kelip berip ullı qıladı.

«Qorqıt ata kitabı»nın` shawdır tu`kmenler arasınan A.Raxmanov jıynag`an variantında «İgdir» dep atalatug`ın jan`adan qosılg`an ja`ne bir jır bar. Mine, usı jırdag`ı Salor Qazannın` an`g`ı ketip, ol jerde Peri qızına dus kelip, onın` menen sha`rtlesip u`ylenip, aqır-ayag`ında Salor Qazan ta`repinen bul sha`rtlerdin` buzılıp, ekewinin` ayrılısıp ketiw, Periden İgdirdin` tuwılıwı haqqındag`ı mifologiyalıq syujet, «Edige»nin` qaraqalpaq versiyasının` barlıq variantlarında, sonın` ishinde «Tulım biy» variantında da (ayırım detal`lar qosılg`an yaki tu`sip qalg`an halda) orın alg`an.

Bul mifologiyalıq syujettin` juwmag`ı boyınsha, tu`rkimenlerdin` shawdır tiyresi usı İgdirdin` urpaqları bolıp esaplanadı.

Bul syujettin` «Qorqıtst ata kitabı»nda ushrasıwının` biz ushın da a`hmiyeti u`lken. Biz bunnan «Edige» da`stanındag`ı mifologiyalıq tiykar menen Edige obrazındag`ı mifologiyalıq sıpatlardın` sag`aları «Qorqıt ata kitabı»nda jatqanın ayqın seziwimizge boladı.

«Qorqıt ata kitabı»nda bizin` bul pikirlerimizdi tastıyıqlawshı faktler ju`da` ko`p ushırasadı. Mısalı, «Buqashjan tuwralı jır» dag`ı atanı balag`a qarsı qoyıp, da`slep balası Buqashjang`a, son` o`zine dushpanlıq oylag`an Dirsexannın` qırıq wa`ziri menen «Edige» da`stanının` barlıq variantlarındag`ı da`slep Toqtamıs penen Edige arasında, izinshe Toqtamıs penen Edigenin` balası arasında, aqır-ayag`ında atalı-balalı Edige menen Nuratdin arasında ot taslap ju`retug`ın Toqtamıstın` toqsan biy oblazlardag`ı tipologiyalıq usaslıqlarda usı pikirdin` bir da`lili.

«Qorqıt ata kitabı»ndag`ı Baybo`ri balası Ba`msi-«Bayraq tuwralı jır» ma`selesine keletug`ın bolsaq, bul jırdı ko`pshilik qaraqalpaq qaharmanlıq da`stanlarının`, ayrıqsha «Alpamıs» da`stanının` ideyalıq, syujetlik, formalıq tiykarı bolıp xızmet etkenligin ko`riwimizge boladı.

«Qorqıt ata kitabı» menen «Alpamıs» da`stanı arasındag`ı bul tipologiyalıq usaslıqlar, birinshiden, «Qorqıt ata kitabı»nın` tek «Edige» da`stanının` g`ana emes, ko`pshilik qaraqalpaq da`stanlarının` ideyalıq da`regi bolıp xızmet etkenligin ko`rsetse, ekinshiden, «Alpamıs» da`stanıda o`z gezeginde «Edige» da`stanı sıyaqlı qaharmanlıq da`stanlardın` kelip shıg`ıwında ma`lim da`rejede ruwxıy ko`rkemlik ta`jiriybe mektebi bolıp xızmet etkenliginen da`rek berip turadı. Sebebi, «Edige» da`stanı Nog`aylı da`wirinin` tariyxıy-ma`deniy miyrası bolıp tabılsa, «Alpamıs» da`stanı mong`ol da`wirine shekem aq tu`rk xalıqlarının` arasında payda bolg`an edi.

«Edige» da`stanı o`zinin` do`reliwi boyınsha qaraqalpaq qaharmanlıq da`stanı «Qoblan» da`stanında biraz genje tuwg`an. İ.Sag`ıytovtın` ko`rsetiwinshe, «Qoblan» da`stanı XIII a`sirdin` tuwındısı.

Solay etip, «Qoblan» da`stanıda «Edige» da`stanının` da`stan sıpatında payda bolıw ha`m jırlanıwında ma`lim da`rejede da`stu`rlik u`lgi bolıp xızmet etti dewge tolıq xaqımız bar. Bunı, bul eki da`standag`ı qaharmanlıq motivler menen ayırım syujetlik epizotlardın` bir tekleslik fakti menen da`lillewimiz mu`mkin. Mısalı, «Qoblan» da`stanındag`ı biyperzentlik haqqındag`ı syujet «Edige»nin` «Tulım biy» variantlarındag`ı biyperzentlik waqıyası menen birdey etip su`wretlenedi. «Tulım biy»de Tulım biy biyperzentligi sebepli Toqtamıstan ko`p azaplar shekkeni sıyaqlı «Qoblan» da`stanında Qıdırbay-biy biyperzentligi sebepli ko`p azaplar shegip, Tulım biydey elden shıg`ınıt ketip, kempiri menen a`wliye qoymay aralap, jalg`ız ılag`ın soyıp, sadaqa tarqatıp, qudadan ul tilep jalbıranadı.

«Edige» da`stanındag`ı bunday tipologiyalıq usas syujetlerdi, obrazlardı, ideyalıq jaqınlıqlar, qaharmanlıq motivler-Orta Aziya xalıqları arasında ken`nen taralg`an Shax da`stan-«Shaxnama» menen salıstırıp ko`rgenimizde de seziwimizge boladı. Ma`selen, «Shaxnama» da`stanındag`ı Rustemnin` Kubodtı taxqa otırg`ızıwları, aqır-ayag`ında Qay Kovus penen arazlasıp, elden shıg`ıp ketiwge ha`reket etiwleri, «Edige» da`stanındag`ı Edige-Toxtamıs arasındag`ı qarım-qatnaslardı eske tu`sirse, Xummannın` Suxrobqa qarsı shıg`ıwları «Edige» da`stanındag`ı Kenjembaydın` obrazın ko`z aldımızg`a keltiredi. «Shaxnama» da`stanının` «Edige»ge usas tamanları dep, «Shaxnama» da`stanındag`ı «Edige»degi Toxtamıstın` tu`sine Satemir xan menen Edigenin` qalın` qol menen kelip, altı ayshılıq jurtın qıyratıp, o`zin o`ltirip, mal-mu`lkin, qatın-balashag`asın olja qılıp alg`anı engenindey, Zoxxoqtın` Jılan shaxtın` (Faridundı) o`zinin` qas jawın tu`sinde ko`riw waqıyaları menen urıs kartinalarının` su`wretleniw payıtların keltiriwge boladı. «Edige» da`stanında batırlardın` urıs payıtındag`ı qaharmanlıqları jiyi-jiyi Rustemnin` sawashtag`ı erliklerine salıstırılıp otırıladı. Teren`irek oy juwırtsaq, bunday jaqınlıqlardı «Shaxnama»dag`ı Faridundı en` qıyın payıtlarda jamanlıqlardan qorg`ap, asırap-saqlap qalg`an baba Kova menen «Edige»degi Edigenin` a`kesi Baba Tu`kli obrazlarınan da ko`riwimiz mu`mkin. Al, «Faridunnın` Zaxxokg`a sawashqa shıg`ıwı» waqıyası bolsa Edigenin` Satemirdin` qızı Aqbilek ayımdı hayallıqqa alıp ketken Qara tiyin A`lip da`wge

qarsı atlanıw waqıyasın esletedi. Ayırması-«Shaxnama»da Zoxxok (Jılan shax) Ja`mshidtin` qızın emes, eki birdey qarındasın alıp ketedi. Faridun Zoxxokti o`ltiriwge kelgende, Edigege Aqbilek ayımnın` ja`rdem bergenindey, og`an Ja`mshidtin` bir qarındası Shaxrnoz ja`rdem qolın sozadı.

Mifologiyalıq sıpatları ha`m jawızlıq qa`siyetleri boyınsha Zoxxok penen Qara tiyin A`lip da`w obrazlarında da ma`lim da`rejede jaqınlıqlar bar.

Qullası, «Qorqıt ata kitabı», «Shaxnama» qaraqalpaq qaharmanlıq da`stanları menen «Edige» da`stanı arasındag`ı bul tipologiyalıq usaslıqlardın` qaraqalpaq a`debiyatının` sag`aların belgilew ushın a`hmiyeti og`ada ullı. Bul, birinshiden, qaraqalpaq a`debiyatı o`zinin` payda bolıwında yarım fol`klorlıq, yarım jazba a`debiyatlıq sıpattag`ı jıraw-shayırlar do`retiwshiligin tiykarg`ı bir ideyalıq-estetikalıq dereklerdin` biri etip alg`anlıg`ın ko`rsetse, ekinshiden, Shıg`ıs xalıqları arasındag`ı jazba eposlıq da`stu`rlerdin` de qaraqalpaq a`debiyatının` ka`malatqa keliwinde ma`lim da`rejede u`lken u`lesi bar ekenligin ko`rsetedi.

## U`shinshi bap

## Sulayman Baqırg`aniy ha`m Rabg`uziy do`retiwshilikleri-erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıwı ha`m qa`liplesiwinde a`hmiyetliornı bar a`debiy jazba derekler

### 1. Suleyman Baqırg`aniy (Ha`kim ata) - erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` bir wa`kili sıpatında

XII a`sirdegi sufistlik tag`liymattın` ko`rnekli wa`killerinen biri bolg`an Sulayman Baqırg`aniy shama menen 1123-jılı Xorezmnin` Baqırg`an awılında tuwıldı. Ol 1186-jılı qaytıs bolg`an. Alımlar Sulayman Baqırg`aniydin` payg`ambar jasında qaytıs bolg`anlıg`ın shamalay otırıp tuwılg`an jılı haqqındag`ı pikirdi shamalaydı.

Ol shınında da Xoja Axmet Yassawiydin` en` sadıq sha`kirtlerinin` biri bolg`an. Bul onın`:

Yassı da`r`ya arası, jarıq ga`whar shırası,
Mashayıqlar seresi shayxım Axmet Yassawiy.

dep aytılg`an qatarlarına qarap ta seziwge boladı. Shınında da Sulayman Baqırg`aniy Xoja Axmet Yassawiyden keyingi sufizm ag`ımının` en` ko`rnekli wa`kili bolıp «Ha`kim ata» degen at penen pu`tkil Orta Aziyada ma`lim bolg`an danıshpanlardın` biri. O`zi talantlı shayır ha`m shayıq bolg`an. Bul haqqındag`ı mag`lıwmatlar A`lisher Nawayı shıg`armalarında da ushıraydı. Nawayı o`zinin` «Nasayimmul muhabbat»-dep atalg`an kitabında: «Ha`kim atanın` o`z atı Sulayman bolıp, Xoja Axmet Yassawiydin` mu`ridi bolıp esaplanadı. Bir ku`ni Xoja Axmet o`z aspazına awqat pisiriwdi buyıradı. Biraq ol otınnın` tawsılıp tawg`anlıg`ın aytadı. Bunnan keyin Ha`ziret o`z mu`ridlerine otın terip keliwdi buyırdı. Sol arada jamg`ır jawıp, mu`ridler ho`l bolıp qalg`an otınlardı alıp kele basladı. Bulardın` arasında jas Sulayman da bar edi. Ol terilgen otındı shapanına orap alg`anı ushın alıp kelgen otınlarının` ba`ri qurg`aq eken. Mine sonnan keyin onın` atın Ha`kim dep atag`an».

Sol tiykarda Sulayman Baqırg`aniydi Ha`kim ata-dep tanıwshılıq ta bar. Onın` shıg`armaları Orta Aziyada qanshama belgili bolıwına qaramastan sufist shayır bolg`anı ushın son`g`ı da`wirlerde u`yrenilmey kelingen edi. 1990-jıldan baslap onın` shıg`armalarına qaytadan dıqqat awdarıla basladı. 1991-jılı O`zbekstanda «Jazıwshı» baspasınan İbrahim Haqqul ha`m Sayfitdin Rafatdinovtın` baspag`a tayarlawında «Baqırg`an kitabı» baspadan shıqtı.

Bunnan tısqarı Sulayman Baqırg`aniy bizin` jerlesimiz de bolıp esaplanadı. Onın` jerlengen jeri Qon`ırat penen Moynaq qalasının` ortalıg`ında. Ha`zir de ka`ramatlı «Ha`kim ata» atı menen atalg`an u`lken a`wliyeshilik bolıp esaplanadı. Professor Qabıl Maqsetov bul haqqında «Bizin` ullı jerlesimiz, XII a`sirde etken Ha`kim ata shıg`armaları»-dep atalg`an at penen u`lken maqalada ja`riyaladı. («Erkin Qaraqalpaqstan», 1992-jıl, 27-fevral`). Sulayman Baqırg`aniy (Ha`kim atı) shıg`armaları keleshek a`wladlar ta`repinen u`yreniwge turarlıq danıshpan shayırlardın` biri.

Sulayman Baqırg`aniy qosıqlar eski tu`rki tilindegi Qıpshaq dialektinde jazılg`anlıg`ı ushın da xalıq so`ylew tiline a`dewir jaqın. Oqıw ushın og`ada tu`sinikli.

Mısalı:

Ha`r kimdi ko`rsen` Xızır bil,
Ha`r tu`ndi ko`rsen` Qa`dir bil.

degen qosıq qatarlarında u`lken hikmet bar. Bunın` en` baslı ma`nisi adam balasının` o`z ha`ddinen aspay kishi peyil bolıwı, yag`nıy ha`rqanday adamg`a mensinbey qarawshı bolma, sebebi ha`r adamnın` da o`zine jarasa qa`dir qımbatı boladı. Sonın` ushın da olar joqarı ma`rteben turıp sına. Al ha`r o`tken ku`n ha`m tu`nlerin`e shu`kirshilik etip, ha`rbir tu`nnin` o`zin «Qa`dir tu`n» ko`rgendey sezgeysen`-deydi.

Sonın` menen birlikte ol o`z qosıg`ı arqalı o`z da`wirine bolg`an ko`z-qaraslarında ashıq-aydın aytadı. Yag`nıy ha`rqanday adamnın` isenimge bag`ıshlang`an o`z da`rti bolıwı kerek,-deydi. Mısalı:

Dawa tilsim sanı joq, ıshqısızdın` janı joq,

Da`rtsizlerge dawa joq, ta`wibimnen soradım men.

-dep aytadı. Demek onın` bul du`n`yadag`ı bul da`rti, ıshqı negizinen Allatalanı shın kewlinen su`yiwge bag`ıshlanadı. Bul jag`day onın` to`mendegi g`a`zzel ba`ytlerinde og`ada ayqın ko`rinedi. Mısalı:

Qul Sulayman so`zlerdi, sırın xalıqtan giznedi,
Su`wretsizdi izledi, kerek diydar ko`rsem men.

Demek onın` «su`wretsizdi izlewi» Allatalanı izlewi, onın` jolında o`zin pida` etpekshi bolg`anlıg`ında seziledi.

Sonın` ushında Sulayman Baqırg`aniydin` shıg`armalarının` derlik barlıq ideyası quda, iyman, islam, sha`riyat penen baslanıslı. Muhammed payg`ambar ha`m onın` yaranları, perishteler, pirler, o`tkendegi a`wliyeler, ja`nnet penen dozaq, jaqsı menen jaman, hadallıq penen haramılıq, aq penen qara, gu`na` menen iymansızlar arasında boladı. Usınday sebepler menen ol o`zinin` kewil da`rtin Allatalanı su`yiwge bag`ıshlaydı. Bul haqqında ol:

Senin` da`rtin` mag`an da`rmannan artıq,
Sag`an qul bolg`anım sultannan artıq,
Seni yadqa alsam sho`ldin` ishinde,
Bolar ol sho`l mag`an bostannan artıq.

tolg`anadı.

Sonın` menen birlikte Sulayman Baqırg`aniy Quran ha`m payg`ambarlar haqqındag`ı ha`dis su`relerinin` syujetlerinde o`z poeziyasının` en` baslı teması sıpatında qabıl etken. Ma`selen ha`diselerdegi «maldan bastan za`kat ber», «uyqı haram», «iymanlı bolsan` ja`nnette perilerge u`ylenesen`», «perzentin`e ilim u`yret»-dep aytılg`an qatarlar onın` g`a`zellerinde de ushıraydı. Mısalı:

Uyqını haram qılg`an uzaq tu`nde,
Malın`nan za`kat bergil bul ku`n bunda,

Qıyamette g`ulmanlarg`a qosılarsan`,
Ul-qızın` ta`lim alsın, bes ustazda.

Onın` pikirleri Ruwx penen na`psi arasındag`ı gu`reslerden ibarat bolıp tariyqat tag`limatlarının` negizlerin ashıp beredi. Ma`selen na`psi: «Bul bes ku`nlik tirishilikte kewlin`e kelgen na`rseni isle. Ha`zlik penen o`mir su`r»-dese, Ruwx bul du`n`yadag`ı ash ko`zlikti ta`rk etiwdi qa`leydi. Sonın` ushında Sulayman Baqırg`aniy qa`leminde bul ekewine aytılg`an pikir eki tu`rli. Ma`selen na`psi:

İship-jep, ku`n-tu`n qarın toltırayın,
Dastıg`ımda ha`z etip bir jatayın men.

dese, Ruwx:

Ruwxım aytar: Haqdur menin` ibadatım,
Ku`ni-tu`ni umıtpaspan onın` atın,
Qısmet bolar artıq jegen ol awqatım,
Bul du`n`yanın` jıyıp-terip neteyin,-der.

Mine usının` o`zinen-aq belgili bolıp turıptı. Sulayman Baqırg`aniy nag`ız sufizm tag`liymatinin` ta`repdarlarının` biri. Bunnan tısqarı Sulayman Baqırg`aniy ha`dislerde aytılg`an payg`ambarlar haqqındag`ı ra`wiyatlardın` ko`pshiligin qosıq etip jazg`an. Ma`selen qurbanlıq haqqındag`ı ra`wiyatta Haqtan kelgen saza boyınsha İbrahim Ha`lil payg`ambardın` balası İsmayıl qurbanlıqqa shalınıwı tiyis bolıp, bunı payg`ambardın` o`zi orınlawı kerek eken. Payg`ambar Haqtın` pa`rmanına qayıl bolıp, balasın Hajar anag`a juwındırıp kiyindirip Ma`kke qalasının` sırtındag`ı ja`ziyrag`a alıp shıg`adı. Jolda İblis (Shaytan) İsmayıldın` basın aylandıradı. İsmayıl og`an inanbay tas atadı. Aqırı İbrayım o`z balasına Haqtan kelgen sazanı tu`sindiredi. İsmayıl bug`an qayıl boladı.

Rizadurman Haqtın` bergen pa`rmanına,
Mag`an ra`him qılmag`ıl, bolma asıq dediya.
Beray janım a`y baba, meni qılsan`ız qurban,
So`zin`iz qabıl bolsın, qurban qılın` dediya.

Bunnan keyin balası Haqtın` pa`rmanına razı bolıp a`kesine u`sh sha`rt qoyadı. Birinshi-qol ayag`ımdı baylan`, qol ayag`ım qozg`alıp sizge qanım shashırap keter. Ekinshisi-ju`zimdi jerge qaratıp qoyın`. Ju`zime ju`zin`iz tu`sip, reyimin`iz kelip keter. U`shinshiden-qurban etip bolg`annan keyin qanlı kiyimlerin`di anama alıp barıp berin`. Mennen estelik bolsın dedi. İbraxim balasının` u`sh sha`rtinde orınladı. Biraq balanı bawızlawg`a kelgende pıshaq o`tpey qala berdi. Pıshaq tasqa salsa tastı qırıqtı. Biraq balanın` moynın qırqa almadı. Sebebi mın`san perishteler qudadan İsmayıldın` janın tilep, Allatala ta`repinen İbrahim qurbanlıq etiwi ushın qara baslı ko`k qoshqar jiberilgen edi.

Bul ra`wiyat Quran su`relerindegi «Alla ha`mme waqıt ra`himdil ha`m keshirimli»-dep aytılg`an ayatqa juwap bolıp, o`z bendesinin` Haqtın` pa`rmanınan shıg`a almawı, solay bolsada Haqtın` ha`rqanday qıyın jag`dayda reyimlilik penen ja`rdem ko`rsete alıw mu`mkinligi aytılg`an.

Sulayman Baqırg`aniy bulardan tısqarı «Aqırzaman» ha`m «Biybi Ma`r`yam» qıssalarında jazg`an. «Aqırzaman» qıssasının` aytıwına qarag`anda: «Aqıyırdın` wag`ında adamlar hadal-haramdı ayıra almay buzılıp ketetug`ını, alımlardın` aynıwı, er ha`m hayallardın` buzıqlıqqa jol qoyıwı, Ta`jjaldın` Rum ha`m Xorasang`a bolg`an saparı, İysannın` Ta`jjaldı o`ltirip Ma`diydi imam etiwi, du`n`yanın` apatshılıg`ına sebepshi bolg`an Yajujdin` payda bolıwı, İsrafıl qırg`ınının` kelip shıg`ıwı, A`zireyildin` o`z janın o`zi alıwı, Ko`kte tek qudadan basqa tiri jannın` qalmawı, adamlardın` qaytadan tiriliwi, Qudanın` dostı Muhammed payg`ambardın` o`z u`mmetlerine bolg`an g`amxorlıg`ı haqqında so`z boladı.Al Biybi Ma`r`yam» qıssasında Ma`r`yam degen hayaldan atamız İysanın` tuwılıwı, Allatalanın` og`an «İnjil» kitabın inym etiwi, onda ka`ramatlardın` payda bolıp ko`zsizlerge ko`z, mayıplarg`a ayaq-qol ina`m etiw qu`diretinin` bolg`anlıg`ı haqqında aytıladı.

Sulayman Baqırg`aniy qullası sufizm ta`g`liymatı teren` iyelegen o`z da`wirinin` belgili shayır shayıqlarının` biri boldı.

Ullı babamız Sulayman Qubla Aral boylarının` ha`zirgi boylarının` ha`zirgi Qon`ırat rayonı a`tirapında jaylasqan Baqırg`aniy awılında 1112-jılları du`n`yag`a kelip, 1180-jılları usı jerdegi ha`zirgi Ha`kim ata qa`birstanına jerlengen.

Shıg`ısta oyanıw da`wirinin` erte baslanıp, islam dinin tu`rk ha`m arab poeziyası arqalı u`git-na`siyat etiwde suwpiylıq ha`reketi ku`shli rawajlang`an ag`ım boldı. Onın` basında tu`rk suwpiylıq a`debiyatının` piri-ustazı, ullı babamız Xoja Axmet Yassawiy turar edi.

Bul ilahiy danıshpannın` dan`qın esitken kishkene Sulayman da onın` qu`diretine 5-6 jaslarınan baslap-aq g`aybana ashıq bolıp, 11-12 jaslarında onın` jamalına jetiwge ag`ısadı. Suwpiylıq ta`liymatında ullı burılıs jasag`an Yassawiyge shıg`ısta «Sultan ulorofin» (Suwpiylıq iliminin` danıshpanı) degen ullı at berilgen edi. Suwpı-so`zi yunansha «Safas», danıshpan, sap, pa`k, ruwxıy tazalanıw, kamalg`a jetisiw degen ma`nini an`latadı.

Baqırg`aniy Yassawidin` hikmetlerindegi oraylıq obraz «Alla» ha`m tu`rk a`debiyatındag`ı palifoniyalıq oylawlarg`a ıshqı etip, onı miyri qang`ansha simirgen sha`kirt ustazı haqqında:

Ko`n`illerdin` sandag`ı, mehir su`tin emizgen,
Baqsa Ka`aba ko`ringen, bassa jerler tu`rlengen,
Tariyxattı izlegen, haqıyqattı bildirgen,
Tu`rkistang`a baralı, xızmetinde bolalı,
U`les berse alaldı, Xoja Axmet Yassawiy.

Yassawiydin` tariyxatında «o`lmesinen burın o`liw» (na`psin o`ltiriw) haqtan o`zgeni ta`n almaw, yag`nıy aqıretke pa`k bolıp barıw ma`selesin qoyadı.

Yassawiydin` bul hikmeti du`n`yanı ıshqı a`tishtanında ku`ydirip, Ana-l-haq dep, Qudanın` Arsha ag`lasına barıwg`a asıqqan Mansur Xallaj (858-922) ta`riyplegen supiy ag`ımının` u`sh basqıshına tuwra keledi. Ondag`ı, da`mego`ylikten qalas bolıp, ta`wbe etiw, ekinshiden taza, pa`kize bolıw, «arif» bolıp du`n`ya-maldan qashıw, son`g`ı basqıshında ka`mbag`allıq penen baylıqtın` arasında parıq bolmaw ma`selelerin o`zinin` do`retiwshilik xızmetinde dawam

ettiriledi. Solay etip, Mansur Xallaj Ana-l-haq dep Quda menen ta`biyattı birdey na`rse dep esaplawshı fanatik qarasların, diniy filosofiyalıq ta`limattı jarattı. Ol Merajda (Qurani ka`rimnin` 53-1-8 su`resindegi) ilha`yat penen insan ortasındag`ı o`z-ara mu`na`sibetlerdin` hasıl nusqasın ju`rekten ko`re biledi.

Biraq «Ana-l-haq» degeni men Qudayman degeni bolmay, haqıyqat menin` o`zim, hu`jdanımnın` buyırg`anı haqıyqat boladı degeni, o`ytkeni Quda ko`n`ilge salsa isenim payda boladı degen. Bul jerde Mansur Xallaj usı ma`nini aytpaqshı dep tu`sindiriledi. Baqırg`aniydin` piri ustazları, u`lken tu`rk alımı Yunus Emra «Meni mende deme, mende emespen, bir men bardur menda menin` ishimde» degen ila`hiy ruwx supının` ju`regine jol tawıp, onın` so`z g`a`ziynesine ha`m xızmetine basshılıq etedi. «Ana-l-haqtın` ma`nisin bilinse ha`rgiz ladanlar» degen Yassawiy de Mansurdı o`zinin` ustazı bilip, onın` fundamental ilimleri menen a`meliy xızmetin basqalarg`a ideal etip ko`rsetedi.

O`tmishte pa`tiwa bolmag`anı sebebinen Oraylıq Aziya danıshpanları quran ha`m ha`dis ma`nilerin ko`p waqıtlarg`a shekem tu`rkshege qaytara almag`an. Biraq jetik ulamalar qurannın` ila`hiy ma`nilerin ata-babalarımızg`a ana tilimizde bayan etiwde u`lken xızmetler etken. Rasında da quran tili og`ada quramalı bolıp, ha`r bir so`ylemnin` quramalı diniy, tariyxıy, filologiyalıq ha`m filosofiyalıq tu`siniklerinin` ken` orın alg`anlıg`ı sonshelli, ondag`ı ha`r bir so`zdin` lingvistlik ta`repten anıq awdarma ma`nisin bu`gingi ku`ngi oqıwshılar ushın diniy ha`m ilimiy jaqtan tu`sindirme so`zliksiz ma`nisine tu`sinip alıw on`ay emes. Haqıyqatında da quran tekstlerinin` ma`nisin arab alımlarının` o`zleri de tu`sindirme so`zliklerdin` ja`rdemisiz ashıp beriwge ha`lsizlik eter edi. Bunı shıg`ısta birinshilerden bolıp qolg`a alg`an Yassawiy ha`m onın` su`yikli sha`kirti Baqırg`aniyler boldı. Olar tu`rkiy islam qosıq do`retiwshiligin jan`a basqıshqa ko`teriwde o`zbek, qaraqalpaq ha`m basqa da tu`rkiy tilles xalıqlarının` awız eki do`retpelerinde jaratılg`an diniy ha`m awız eki poeziyasında ilhamlanadı. Sonın` ushın da olar do`retken hikmetlerdin` o`lshemleri xalıq do`retiwshiliginen o`zlestirilgeni, poetikalıq obrazlardın` ko`pshiligi awız eki a`debiyattan alıng`anlıg`ı anıq ko`zge taslanadı. Yassawiy ta`liymatında ha`m Baqırg`aniy

do`retpelerinde Qurani ka`rimnin` ta`sirinde payda bolg`an ma`nilik ha`m ko`p hawazlılıq oydın` ushqınlıg`ı quranıy so`ylemlerdin` ko`p aralasıwı tu`rk a`debiyatlarının` tu`rli qırlarının` tu`rli qırlarının` o`ris alıwına alıp keledi. Yassawiydin` ha`kimlerindegi oraylıq obraz Allag`a ıshqı etiw, yag`nıy bir qudanı su`yiw kerek, basqa muhabbattın` bolmag`ı biykar delingen, ila`hiy ıshqı haqqındag`ı filosofiyalıq a`dep-ikramlı qarasları, yag`nıy «Ha`r kim halıqtın` qulı bolsa, haqqa jansan`, haqqa janbas, o`zin degen arı barsın» degen ta`liymatları Baqırg`aniydin` do`retpelerinle o`z ko`rinisin taptı. Pirdin` eteginen uslap tariyxatqa ashıqlarsha talpınıwshı shayır o`zinin` muqamında qatıp qalmay, mudamı jetilisip, a`lem sırların tınımsız izlenip ju`rip, bir qansha shıg`armaların jarattı. Shayır ko`zqarasınan insannın` ishki du`n`yası ilahiy ıshqı da`rti meneng`ana o`mirbaqıy quwanıshqa iye, bul da`rt na`rseden qu`diretli ha`m payızlı dep:

Senin` da`rtin` menga da`rmannan artıq,
Senga qul bulganim sultandin artıq,
Senin` yadin`ni aytsam sho`l ishinde,
Bular ol sho`l menga bustannan artıq.

İnsannın` qor-zar bolıwı qudag`a ıshqı etpegeninen, g`a`pletinen, sananın` to`menliginen, ruxıy ka`mbag`al-lıqtan, ha`reket etpewshiliginen, bolıp atır deydi. Shayır sezimdi basqarıwdın` ishki du`n`yası bul iyman islam bolıp, ol quran menen ajıralmas egiz dep biledi.

Qanday ku`sh bul du`n`yada iman qurannan,
Ne bolar du`n`yada iman artqan.

dep insannın` isenimi menen quranıy pazıyletler birikken bolıp, olar birin-biri ko`rkeytedi. Quranıy ta`liymatlarına itibar qılmaslıq insan peyilinin` buzılıwına, yag`nıy iymansızlıqqa alıp keledi deydi.

Baqırg`aniydin` din ha`m suwpiylıq ıshqı ha`m a`dep-ikramlıq, ag`artıwshılıq, ma`deniyat, na`psi qa`na`a`tten sabaq beriwshi do`retpeleri pu`tkil

musılman shıg`ısında su`yip oqılatug`ın a`debiyatlardan boldı. Adamdı dozaqtan saqlaytug`ın onın` du`n`ya-malı emes, jaqsı isleri, ta`g`dirge shu`kirlik etip, ha`r bir na`rsenin` o`lshemin tu`siniwge u`yreniw, jaman istin` tiykarı du`n`ya mal dep, qudaydı, payg`ambardı, patshanı yad etiw, aldawshılıqtı qaralaw, haq niyet penen qudag`a qulshılıq etip, pa`kize a`dep-ikramlı jasaw ekenligin bayanlawı, danıshpannın` ta`lim-ta`rbiyalıq oy-pikirlerinin` o`zine ta`nligin ha`m a`hmiyetin an`latadı. Ha`kim ata o`zinin` hikmetlerin na`psi menen ruwxtın` aytısınan baslaydı. Shayırdın` ko`rsetkenindey, na`psi bul du`n`yanın` mu`lkin iyelew g`ana bılay tursın:

Na`psi aytar, bul du`n`yanın` mu`lki bolsam,
Qıtay, Qıpshaq, Qırg`ız, Hindstandı alsam,-dese,

Ruwx aytur qısmetin`nen artıq taam emes bolsam, bu du`n`yanı ig`ip-teripnetayin der deydi. «Bul besh ku`nlik tirishilikte da`wran su`r, denen`di sha`yrat» deydi na`psi. Bug`an qarsı ruwx ilim menen tariyxattın` jolın bilip sa`ha`r waqıtta oyaw bolıwdı a`det et deydi. Tariyxat maydanında ja`wlen urmastan, muhabbat duwbag`ına minip bolmaytug`ınınday «haqıyqat da`r`yasınan ga`whardı terip bolmaydı, na`psige bulardın` qa`jeti joq» deydi. Qaraqalpaq awız a`debiyatında ko`p ta`kirarlanatug`ın «Na`psim menen ba`ledur, jang`an otqa saladur» degenindey, olar bul du`n`yanın` mu`lkine iyelik etiwge, jıynap-teriwge qumar. Ruwx muhabbat ka`marın belge baylap, bul du`n`yanı talaq etip keteyin der deydi. Ullı shayır Allag`a gu`pir bolg`an, na`psi batpag`ına batqan iplas ladanlarg`a ko`zin`di ash, dep eskertse, hadal miynet penen ku`n keshirip, qudanın` qulshılıg`ın etip atırg`an ja`nnetiylerge da`rtles bolıp qayır-saqawat etip, «A`y, ta`n`irim, jalg`ız Alla sen, ha`mme obal-sawaptın` a`weli ag`ıyrısan`», «O`mirdin` a`weli aqıyrın ber» dep musılmang`a mehriban bol deydi. Solay etip, Baqırg`aniy «A`y, ra`bbim, sen keshirgil, men ha`sinin` gu`nahini» dep ha`si bolg`anına nalıydı.

Menmenlik atına mindim o`zim,
Qul Sulayman, sen gu`nahkar,

Na`ma`hramga baqtı ko`zim,

Na`psiga ot bergil zinhar,-dep na`psi ba`lesin, ja`hillikti (o`shpenlilikti) buzıqlıqtı untap taslag`ısı keledi. Jetik insannın` qa`liplesiwinde sıyqırlı giltke aylanadı.

Da`wir da`stu`rine muwapıq İrak shayxı Xorasan shayxına bir neshshe qıyın sorawlar menen sınamaqshı bolıp mu`ra`jat etedi. Xorasan shayxı ol sorawlardı Yassawiydin` sha`kirti Ha`kim atag`a jiberedi. Ha`kim ata suwpıylıqqa baylanıslı bul sorawlarg`a mına ba`yit arqalı qısqa juwap beredi.

Ha`rkim ko`rsen` xızır bil,
Ha`r tu`n ko`rsen` qa`dir bil,-

dep ha`r bir insandı «qa`li ko`rme», ol qudanın` do`retpesi, ta`big`attın` kishkene bo`legi, onın` huqıqın qorg`a, bahala, al ha`r bir tu`nin`di ramazan ayının` 27-de keletug`ın «La`ylat u`l qa`dir» sawaplı ku`ndi nıshanlag`anday qa`dirin bil, onı baxıt dep esaplap, kewlin`di shad etip, «Malg`a ko`n`il bermegil, Haq qullıg`ın` qoymag`ıl» deydi.

Diniy filosofiyalıq ha`m ulıwma insanıy haqıyqatlar bayan etilgen quranıy temalar ha`m diniy ideologiya qag`ıydaları qaraqalpaq awız a`debiyatınan, sonın` ishinde da`stan, qosıq, naqıl-maqal, yaramazan, jumbaq, ertek, gu`lapsan, ba`dik tag`ı basqa tolıp atırg`an janrlardan a`hmiyetli orın alıwları tekstke jilwa bag`ısh etip, u`ylesimli teren`lestirilgen xalıq da`stanlarındag`ı «Jerdi-ko`kti xalıq a`ylegen ilayım» qatarları Quranıy ka`rimdegi «Xuvallazi halaqa-s-samavala va-l-arda» so`zlerine qarata berilgen. Yamasa «Alpamıs» da`stanındag`ı «Qudanı bir bildim Rasuli alla», Latmanatqa o`zim boldım shermende degen o`kinishinde Qarajan o`zinin` islamnan burıng`ı lat-man-at sa`nemlerden, dininen do`nip islam dinine engenligin xabarlaydı.

Quranda ellips ta`rezinde qollanılatug`ın «Yusup» su`resinin` jetekshi teması «Assabur-ja`milun» go`zzal «sabur» ibarasının` diniy ha`m shayırlar fantaziyasına bu`rkengen jaqdayda batıs ha`m shag`ıs xalıqlarının` birligin ha`m go`zzallıg`ın, ba`rshe millet a`debiyatların sho`lkemlestiriwshilik uqıbın da`lilleydi. Xalqımız arasında ken` taralqan «Yusup-Zuleyxa» da`stanında Zuleyxa Mısır patshasının`

zayıbı bolg`anı ushın ıshqıdan qanshelli ku`yip, o`otanip, awzınan shıqqan ha`wirge altın saplı qamshılar erip tu`sse de Yusup 40 jıl sabır etkizedi. Bul da`standı XIV a`sirden beri Quraniy ka`rimnen ha`m kitabıy da`stanlardan oqıp kiyatırg`an qaraqalpaq xalqı o`zinin` ko`rkem a`debiyatında «kisi asına sabır», «sabır a`yle palwan, sabır a`yle», «sabır tu`bi sarı altın», «sabırlı jeter muratqa, biysabır qalar uyatqa», «sabırlı qul bara-bara shad bolar, biysabır qul tez jolıg`ar ba`la`g`a» dep o`mirden, go`zzallıqtan u`mitlendiriw, ta`selle beriwler, Quranı ka`rimnin`, Baqırg`aniy ha`m tag`ı basqa da shayırlardın` shıg`armalarınan o`tken ta`sir bolıwı kerek.

Baqırg`aniydin` «Merajnama» shıg`armasında Muhammed a`leyhissalamnan Ja`birayıl menen Buraq atlı ushqır qanazatqa minip aspang`a ushıp, Qudanın` hu`zirine basqıshlar arqalı ko`teriliwge, janınan jay alıwg`a miyasar bolıwı so`z etiledi. Qaraqalpaq awız a`debiyatında bolsa, bul da`stan Muhammed payg`ambarımızdın` Arsha-ag`lag`a basqıshpa-basqısh ko`terilip, Allataalanın` janına barg`anlıg`ı, sonnan payg`ambarlıq ka`ramatqa iye bolg`anlıg`ı jo`ninde «meraj» atı menen ko`p a`psanalar do`regen.

Baqırg`aniydin` «Aqır zaman kitabı» atlı do`retpesinde aqır zamannın` waqtında adamlardın` haram-hadaldı ayırmay buzılıp ketetug`ını, alamlardın` aynıwı, er-hayallardın` buzıqlıqqa jol qoyıwı, israpıl bolıp, a`zreylinin` o`z janın o`zi alıwları, aspanda qudaydan basqa tiri jannın` qalmawı, adamlardın` qaytadan tiriliwi, Muxammed a`leyhissalamnın` g`amxorlıq etip, olarg`a beyishten orın alıp beriwleri so`z etiledi.

«Biybi Ma`r`yam» kitabında qudaydın` ha`miri menen Biybi Ma`r`yamnan Atasız İysanın` tuwılıwı, İysag`a aspandag`ı kitaplardın` anası Mazxabtan İnjildin` jiberiliwi, İysanın` duwa oqıw arqalı aqsaqtı ju`rgiziw, soqırdı ko`rgiziw, tilsizdi so`yletiw, o`lini tiriltiw qusag`an qa`siyetleri bolg`anlıg`ı so`z etiledi. «Biybi Ma`r`yam» da`stanı musılmanlar arasında, sonın` ishinde qaraqalpaq awız a`debiyatına da aralasıp, su`yip oqıytug`ın, yad etip aytılatug`ın kitabıy da`stang`a aylandı. Adamlar arasındag`ı doslıq, mehir-muhabbat, pa`klik, miynet, qa`na`a`t, sabırlılıq, insannın` jetilisiwi, iymanı haqqında danalıq pikirler menen tolı bul

do`retpeler bu`gingi ku`nimizdegi bizin` ruwxıy ma`deniyatımızdın` en` hasıl qa`diriyatlarınan esaplanadı.

Bul shıg`armalardın` ba`ri de poeziya tilinde ko`rkem tu`rde go`zzal etip berilgen. Bul do`retpeler arqalı Quranıy temalardın` pu`tkil du`n`ya ha`m tu`rk, o`zbek, qaraqalpaq a`debiyatına sin`isip ketkenligin onın` shejireli syujetinen anıq ko`riwge boladı. Ullı babalarımız Yassawiy, Baqırg`aniy, Nau`ayı, A`jiniyaz, Berdaq, Ayapbergen, Abbaz ha`m tag`ı basqa qa`lem iyelerinin` do`retpelerinde quran ta`sirinin` ku`shli bolg`anlıg`ın anıq ko`remiz. Sol waqıtlardag`ı suwpıylıq filosofiyası ha`m diniy mifologiya ag`ımındag`ı toparlardın` Baqırg`aniydin` shıg`arma-larına basqasha bag`darda analiz etiwge ha`reketi de boldı. Danıshpan babamız olarg`a bul du`n`yanı dozaqqa aylandarmay, na`psi ba`lesine giriptar bolmay, xalıqtın` basına qıyamet azapların sala bermey, sana qullıg`ınan azat bolıw, ruwxıy a`dep-ikramlılıq sıyaqlı ilajlardı joqarı ko`teriwdi na`siyat etti.

### 2. Rabg`uziy ha`m onın` qaraqalpaq a`debiyatına qatnası

Burxanatdin Rabatiy Nasritdin Rabg`uziy XIV a`sirdin` orta gezinde Xorezmde o`mir su`rgen belgili so`z ustalarının` biri. Ol jaslıg`ınan a`debiyat, tariyx ha`m filosofiyag`a qızıg`ıp, el awzınan ko`p g`ana an`ız ha`m qıssalardı jıynap, onı xatqa ko`shirip aytıp ju`rgen. Ol arab tiline jetik bolg`anlıg`ı ushında sol tu`rdegi ko`p kitaplardı oqıp, ondag`ı a`wliye ha`m payg`ambarlar haqqındag`ı qıssalar jo`ninde bir kitap jazıp, bul tuwralı o`z xalqı menen pikirlespekshi boladı. Sebebi sol waqıttın` o`zinde arab tili «qudaydın` tili» esaplanıp, quran su`releri ha`m basqa ra`wiyatlar basqa tilge awdarılıw mu`mkinshiligine iye emes edi.

Rabg`uziy, bul ra`wiyatlardın` en` kerekli jerlerin alıp, o`zinshe onı a`debiy usılda islep tu`rki tilinde a`piwayı xalıqqa tu`sinikli bolg`an qıssalar du`rkinin payda etpekshi boldı.

Onın` aldına qoyg`an maqseti, en` da`slep adamlardı du`n`ya ha`m jaratılıstın` payda bolıwı haqqında tanıstırıw edi. Son`ınan jin, shaytan, perishte ha`m a`zireyiller haqqında qıssalar toqıp, «o du`n`yanın`» jaqsılıq ha`m jamanlıq a`lamatları tuwralı pikirler ju`rgizedi.

Bunnan keyin A`wliye-a`nbiya ha`m payg`ambarlar haqqında pikir ju`rgizip, olardı qudaydın` jerdegi elshileri sıpatında ta`riypleydi. Bulardan tısqarı jıl esabı ha`m basqa da tariyxıy waqıyalar haqqında pikirler bar. Rabg`uziydin` o`zi Xorezmnin` Rabatı og`uz-dep atalg`an awılında tuwılg`an. Sonın` ushında bul kitap tu`rki tilinin` og`uz-qıpshaq dialekti tiykarında maydang`a kelgen. Avtordın` o`zinin` jazıwına qarag`anda bul shıg`arma 1311-jılı pitkerilgen. Kitap to`mendegishe qatarlar menen baslanadı.

U`sh tugattim bu kitobni, ey eranlar er yuzi,
Bir yil ichra kechti ey, qishi, yaz kuzi,
Oy kupordim uzum uzdim, suzni tuzdim, tunla` men,
Erta turdim xama urdim, emganib tun kunduzi.

Bunın` o`zinen-aq ko`rinip turıptı, Barg`uziy bul kitaptı u`lken ıqlas penen jazg`an.

O`zi Rabat u`lkesinin` qazısı bolıp islep turg`anda bul kitaptı jazıwdı qolg`a alg`an ha`m sol jerdin` a`miri Toqbug`ag`a sıylıqqa bergen. Rabg`uziy qıssalarının` XV a`sirde ko`shirilgen bir nusqası Londong`a Britaniya muzeyinde saqlanbaqta. Al XVI a`sirde Xiywada tabılg`an bir nusqa O`zbekstan İlimler akademiyasının` A`bu Rayxan Beruniy atındag`ı Shıg`ıstanıw institutında saqlang`an.

«Qıssa-sul a`nbiya» 1859-1881-jılları Qazan qalasında bir neshshe ma`rtebe baspadan shıqtı. Son`ınan Tashkent qalasında basıldı.

Rabg`uziy qıssaları Qazan baspasında «Qıssa-sul a`nbiya» dep atalg`an bolsa, negizgi nusqalarda «Qissaiy Rabg`uziy» dep ataladı. Rabg`uziy qıssaları negizinen 72 qıssadan ibarat bolıp, bulardın` ishinde u`lken ha`m kishi qıssaları da bar. Ma`selen, Shiys, Muwsa, Salıx, Yusip, haqqındag`ı qıssa bir lirikalıq povest` da`rejesine ko`terilgen.

Qıssalar negizinen payg`ambarlardı na`siyatlaw tiykarında jazılg`an bolıp Muwsa, Nuh, Salıx, İbramım, Isaq, İsmayıl, Yaqıp, Yusip, Lot, Ayub, Dawıt, Sulayman, İysa, Yunus payg`ambarlar, payg`ambarlar ha`m a`nbiyalardın` o`mirine bag`ıshlang`an hikayatlar menen tolıqtırılg`an.

Rabg`uziy payg`ambarlar haqqında gu`rrin` etiw menen bir qatarda, olardı kisinin` haqın jemeytug`ın hadal ha`m haqıyqat ushın gu`resiwshi adamlar sıpatında da ko`rsetedi. Ma`selen,. Dawıt haqqındag`ı ra`wiyatta: «Dawıt patsha ku`ndiz ma`mleketti basqarıw menen shug`ıllansa, tu`nde da`rwish kiyimin kiyip, el gezip, adamlardın` ne menen shug`ıllanatug`ının baqlaytug`ın edi. Ol xalıqtan: Patshalardın` a`dil me? El biylegen ha`kimlerin` xalıqqa zorlıq ha`m zombılıq jasap atırg`an joq pa?-dep soraydı. Sonda bir adam: «Dawıt patshamız jaqsı. Biraq kisinin` haqın jeydi»-dep aytadı. Bunnan qapa bolg`an Dawıt patshalıqtı ta`rk etip, qolına balg`a alıp, temirshi usta bolıp ketedi».

Rabg`uziy ha`rbir qıssanı jazg`anda onın` qaharmanlarının` xarakterlerin sızıp ko`rsetiw ushın turmısta ushıraytug`ın geypara waqıyalardı o`z shıg`armasına qosıp jiberedi. Bul arqalı ol ha`tte u`stemlik su`riwshilerdin` zorlıq-zombılıg`ına bolg`an o`zinin` ayqın ko`z qarasın da ko`rsetpekshi boladı. Ma`selen, tap usı qıssadag`ı bir ra`wiyatta: «Dawıt patsha o`z elindegi bir kisinin` hayalına ashıq bolıp qalıptı. O`z a`rmanın iske asırıw ushın da`rha`l ol hayaldın` ku`yewin urısqa jiberedi. Tap sol ku`ni patshanın` aldına arız aytıp eki kisi keledi. Birewi ag`ası, birewi inisi eken. İnisi aytadı: «Ag`amnın` toqsan tog`ız qoyı bar. Sonday bolsada bu`gin menin` jalg`ız qoyımdı tartıp aldı». Bug`an g`a`zeplengen Dawıt patsha jigittin` ag`asına keyidi:

-Senin` insabın` bar ma, o`zi. O`zin`nin` toqsan tog`ız qoyın` bola turıp, inin`nin` jalg`ız qoyın tartıp alg`anın` ne? Sonda ol kisi juwap qaytardı:-Sizin` insabın`ız bar ma? O`zin`izdin` toqsan tog`ız hayalın`ız bola tura, birewdin` jalg`ız hayalın tartıp alg`anın`ızdı xalıq bilmey me?-depti. So`zden jen`ilgen Dawıt bir barmag`an tislep alg`an eken.

Qıssada bunday hikayatlar og`ada ko`p. Olardın` arasında Luqmanı Ha`kim haqqındag`ı hikayat xalıq an`ızlarına a`dewir jaqın tuadı. «Shaqlı İskender», «Nux payg`ambar» haqqındag`ı ra`wiyatlar A`bu Rayxan Beruniydin` «Estelikler» kitabın eske tu`siredi.

Bul qıssa da Nux payg`ambar pu`tkil tirishilikti topan suwınan qutqarıp qaladı. Kemeni tıshqan teskende, bir jılan u`sh bu`klenip tıg`ın boladı. Jılan pu`tkil

du`n`yanı apattan qutqarıw ushın en` mazalı qanda sorıp awqatlanıwı kerek eken. Sonın` ushında du`n`yada en` mazalı qandı anıqlaw niyetinde Nuh payg`ambar peshshe shıbındı jiberedi. Peshshe: en` mazalı qan, adamnın` qanı,-dep qarlıg`ıshqa xabarlaydı. Qarlıg`ash: mazalı qan sorıg`an tilin`di bir ko`reyin-dep onın` tilin qırqıp alg`an. Sonın` ushında shıbın ses shıg`ara almay dızılday beredi eken. Ol payg`ambardın` aldına barg`anda da o`z pikirin bayan ete almay dızılday beripti. Qarlıg`ash: onın` so`zinin` mag`anasın tu`sindirmekshi bolıp, ol, du`n`yadag`ı en` mazalı, qan qurbaqanın` qanı dep aytıp tur depti. Sol ku`nnen baslap jılan qurbaqanı awqat etetug`ın bolg`an.

Bul qıssanın` syujeti diniy tu`sinikler tiykarında jazılg`anı menen tiykarında o`mir haqıyqatlıg`ı ushın gu`res jolı seziledi. Nux payg`ambar pu`tkil du`n`yada tirishilikti saqlap qalıw ushın gu`resedi. Ol ushın qayıq jasap, barlıq janlı ja`niwarlardı jup-juptan jayg`astıradı. Al tıshqan pu`tkil tirishilik du`n`yasına satqınlıq jasaydı.

Solay bolsada du`n`yadag`ı en` jawız maqluq jılan du`n`yanı apattan qutqarıp qalıw ushın ja`rdem beredi. Rabg`uziy bul pikiri menen ha`rqanday jaman haywan ha`m adamlarda da jawızlıq ha`reket penen birge jaqsılıqtın` da a`lamatı bar dep aytpaqshı. Ha`tte musılman dininin` en` baslı kitabı hidayanın` o`zinde:

Sha`rig`at a`ylesen` o`ltir jılandı,
Marifat a`ylesen` qıynama jandı

-dep aytqan.

Demek, solay eken, musılman sha`riyatı boyınsha jılan o`ltiriwi kerek. Biraq olay deyin desek, Rabg`uziydin` o`zi jılan jılan obrazın en` aqıllı ha`m parasatlı obraz da`rejesine ko`tergen.

Tuwrı, ekinshi bir qıssada jılan unamsız qaharman sıpatında su`wretlenedi. Bul qıssada Qızır Aliqissalam bir o`rtengen tog`aydın` arasında atlı shawıp baratırıp, janıp atırg`an ag`ashtın` shaqasına oratılıp o`lim halında qalg`an bir jılang`a reymi keledi ha`m onı at dorbasına salıp, o`limnen qutqaradı. Biraq jılan Qızır Aliqissalamg`a jamanlıq etedi. Onı shag`ıp, qanın sorımaqshı ekenligin

aytadı. Biraq Qızır ata bug`an ko`nbeydi. Bul ma`seleni tınıshlıq jolı menen shesheyik. U`sh gu`wa tabayıq. Eger u`shewide senin` pikirin`di maqullasa, onda men razıman,-deydi. Bug`an jılan kelisedi. Birinshi gu`wa terek bolıp, onnan:

-Jaqsılıqqa jaqsılıq barma?-dep soranadı. Og`an terek:

-Joq,-dep juwap qaytaradı. Sebebi, o`mirimshe men adamlarg`a jaqsılıq etip kiyatırman. Jaz boyı menin` sayamda otırıp dem aladı. Al qıs bolsa, birew balta sap, birewi bel sap ushın kerek,-dep meni qırqıp azap beredi. Jaqsılıqqa jaqsılıq joq, deydi.

Ekinshi gu`wa sıyır bolıp, og`an da tap usınday soraw beriledi.

-Jaqsılıqqa jaqsılıq joq,-dep juwap qaytaradı sıyır. Men o`mirimshe adamlardı o`z su`timdi berip bag`aman. Endi mine qartayg`an shag`ımda sallaqxanag`a alıp ketip baratır, deydi.

U`shinshi gu`wa joldan o`tip baratırg`anda bir pıshıq bolıp, ol hiylekerlik jolın qolaylaydı. Soraw berilgennen baslap-aq ma`selenin` ne haqqında ketip baratırg`anlıg`ın sezip:

-Hey jılan, bul qurttay dorbag`a qalay sıydın`,-dep soraydı. Sol waqıtta jılan ja`ne dorbag`a kirmekshi boladı. Pıshıq shaqqanlıq penen shapshıp, onın` basın julıp aladı.

-Jaqsılıqqa jamanlıq penen juwap beretug`ın maqluqtın` sıbag`ası usı,-deydi.

Qızır Aliqissalam pıshıqtı jaqsı ko`rip qalıp arqasınan bir sıypag`an eken. Pıshıqlar sol ku`nnen baslap hesh qanday arqasınan jıg`ılmaytug`ın bolıptı.

«Qissa-sul a`nbiyada» su`wretlengen Anuq degen bir alp adam. Xorezm mifologiyasındag`ı bir qolı menen balıq tutıp, ku`nge keptirip jeytug`ın Xubbi obrazına a`dewir jaqın. Onın` eki ayag`ının` arasının` o`zi bir ku`nshilik jol. Du`n`yanı topan suwı basıp ketkende de onın` dizesine g`ana kelgen».

Qullası Rabg`uziydın` qıssalarının` ko`pshiligi shıg`ıs xalıqlarının` mifologiyasına syujetleri menen pu`tkilley aralasıp ketken. Bunın` bas qaharmanları payg`ambarlar bolıwına qaramastan, og`an erte da`wir adamlarının` jaqsılıq ha`m jamanlıq ushın gu`resleri, o`zleri jasap turg`an du`n`ya haqqındag`ı tu`sinikleri de aralasıp ketken.

Sonın` ushın bul qıssalardın` syujetlik ta`replerine de itibar berin`kirep, paydalı ta`replerin u`yreniwimiz kerek.

Pu`tkil du`n`ya xalıqlarının` a`debiyat ha`m ma`deniyat tariyxına ko`z salıp qarasan` birden payda bola qalg`an xalıqtın` o`zi joq ekenligin sezemiz. Qanday xalıq bolsa da u`lken bolsın, ya kishi bolsın a`ytewir u`lken bir tariyx boranların basınan keshirgen. Keshe yaki bu`gin birden payda bolıp atırg`an xalıq joq. Olardın` ha`r biri, ha`r qıylı awmalı-to`kpeli zamanlarda basqa xalıqlar menen birge jasasıp, tili, ma`deniyatı bir-birine og`ada jaqın xalıqlardı payda etken.

Bug`an mısal retinde Orta Aziyada jasawshı tu`rk tilles xalıqlardı ko`rsetiwge boladı. Olardın` ti li de, u`rp-a`deti de, kiyim-kenshegi menen ma`deniy tirishiligi bir-birine og`ada jaqın bolıp keledi. Sonın` ushında bulardın` erte da`wirdegi jazıw, sızıw ha`m ma`deniy ortalıg`ı bir bolg`anlıg`ı heshqanday gu`manlandırmaydı.

Akademik D.S. Lixachev a`yyemgi rus a`debiyatın izertley otırıp, bul o`shpes miyrasqa rus, ukrain ha`m belorus xalıqlarının` da u`lesi bar ekenligin da`lillegen edi. Sonday-aq Orta Aziya ha`m Kavkazdın` tu`rk tilles xalıqları ma`deniyatında da, birew erte, birew keshirek rawajlanıp, birew u`lken, birew kishi bolıwına qaramastan, o`zin arnawlı xalıq dep esaplag`an ellerdin` ba`ri de «Men bu`gin g`ana payda bolg`anman»-dep aytpastan, sol ata-babaları qaldırg`an u`lken ma`deniy miyrastın` to`rkinin izleydi. Qaraqalpaq xalqı tili, a`det-u`rip, jasaw sha`riyatı jag`ınan o`zbek, qazaq, qırg`ız, tu`rkmen xalıqları menen ko`birek aralasqan. Tatar, bashqurt ha`m Kavkazdın` ayırım tu`rk tilles xalıqları menen tariyxıy ta`g`dirles. Jasag`an jerleri Xorezm, Tu`rkstan, Edil menen Jayıq ha`m Don jag`alarının` boyları. O`zi kishkene bolg`anı tariyxı ju`da` u`lken. Demek bul xalıq birden payda bola qoyg`an emes. Erte da`wirdegi sol u`lkenlerdin` ma`deniyatına u`lken iz qaldırg`an.

Biraq bizin` ma`deniyatımızdın` tariyxı jaqın ku`nlerge shekem tolıq u`yreniledi. Jaqın waqıtlarg`a shekem «bizin` a`debiyatımızdın` sag`ası XVIII a`sirden baslanadı»-degen tu`sinik u`stemlik etti. Shınında da ha`zirgi ilimnin` rawajlang`an da`wirinde «qaraqalpaq-lardın` a`debiyatı XVIII a`sirden baslanadı»-

degen so`zge kimlerdin` inanıwı mu`mkin? Sonda qaraqalpaqlar XVIII-a`sirde payda bolg`an bola ma? Olay deyik desek tariyx ilimi bul xalıqtın` tog`ızınshı a`sirden beri bar ekenligin da`lillegen.

A`lbette, bug`an qaraqalpaq xalqı ayıplı emes. Xalıq o`z tariyxında og`ada qıyın jag`daylardı basınan keshirdi. Esapsız urıs, talawshılıq, pıtıran`qılıq zulımlıqtın` hu`kim su`ri wine baylanıslı xalıq o`zinin` jazba tariyxın saqlap qala almadı.

Tu`rki jazıw-dep esaplang`an eski o`zbek ha`m uyg`ır jazıwı revolyutsiyadan burıng`ı da`wirde de Qaraqalpaqstanda ken` tarqalg`an edi. Biraq repressiya da`wirindegi ayırım adamlardın` sawatsızlıg`ı o`zleri arab a`lipbesindegi jazıwlardı oqıy almag`anlıg`ı ushın «bul arab tilinde jazılg`an diniy qoljazbalar»,-degen tu`siniklerge kelip, otqa jag`ıp, bizin` ma`deniy miyraslarımızdın` ko`pshiligin joq etip jiberdi. Al ha`zir bolsa, sol da`wirde otqa jag`ılıp, jartı jag`ı ku`ygen, son`ınan a`lleqanday bir adam ottan alıp shapanının` shalg`ayına jasırıp alıp alg`an A`bilqasım Ferdausiydin` shaxnamasının` qaraqalpaqsha awdarma-ların oqıp otırıp hayran qalasan`.

Retinde sol jag`daylardı da aytıp o`tiw kerek. Talantlı alım Na`jim Da`wqaraev ashıp ko`rsetken XVIII-XIX a`sir a`debiyatının` o`zi de an`satlıq penen ashılg`an joq. Biz XIX a`sirdegi shayırlarımız qosıqların o`z qolı menen jazıp qaldırg`anlıg`ına isensekte A`jiniyaz, Berdaq shıg`armalarınan tısqarı basqa heshbir shayırdın` qoljazba nusqaları tabılmadı. Sonın` ushında bul da`wirler kartinaların anıq ashıp ko`rsetken Na`jim Da`wqaraev ha`m onın` zamanlaslarının` miynetlerin u`lken qaharmanlıq sıpatında qarawg`a boladı.

Ha`zir a`debiyat ilimi a`dewir o`sti. Qaraqalpaq a`debiyatının` XIV a`sirden baslanatug`ınlıg`ın da`lillewge eristik. Biraq onın` arg`ı jag`ında a`debiyat bar ma? Eger bar bolsa qalayınsha rawajlang`an? Degen sorawlarg`a to`reli juwap bere almay kiyatırmız. O`ytkeni xalıq bar jerde a`debiyat bar. Qaraqalpaq xalqı qashan payda bolg`an? Bul xalıq qanday tariyxıy jag`daylarda payda boldı. A`debiyatımızdın` baslawshıları kimler? Bul haqqında ele tolıq pikir bildirgenimiz joq.

Biz joqarıda aytıp o`tkenimizdey-aq qaraqalpaq xalqı birden payda bola qoyg`an emes. Ol Orta Aziyanın` basqa da xalıqları sıyaqlı da`slep qa`wimlik konfederatsiyada ko`rinedi. Sebebi bizin` xalqımız qaraqalpaq atag`ın almastan burınıraqta «tu`rk qag`anatı» dep atalg`an qa`wimler birlespesinde tu`rlishe at penen saq, massaget, apasiak, qan`lı, yabı, oguz, qıpshaq, qara bo`rikli, man`g`ıt, qon`ırat atamaları arqalı gezlesedi. Bulardın` basım ko`pshiligi derlik VI-VIII a`sir aralıg`ında payda bolg`an tu`rk qag`anatının` belgili qa`wimleri edi. Bunnan o`rinip turıptı Orta Aziyada jasag`an tu`rk tilles xalıqlardın` o`tmishi bir-biri menen aralasıp ketken. Sonın` ushında bul jerde jasag`an xalıqlardın` ma`deniy tariyxın bir-birinen ajıratıp qarawg`a bolmaydı. Solay bolsada basqa xalıqlar sıyaqlı qaraqalpaqlarda tariyxıy da`wirlerdin` boranlı a`sirlerinde o`z o`tmishleri haqqında belgili iz qaldırg`an.

Ko`rnekli tariyxshı S.P.Tostovtın` aytıwı boyınsha bizin` en` da`slepki babalarımız A`miwda`r`ya ha`m Sırda`r`ya boyının` saqları, massagetleri atap aytqanda da`r`ya boyının` sakları Apasiaklar bolıp esaplanadı. Son`ınan shıg`ıs dalalarına Gunlardın` ko`ship qonıslasıwı na`tiyjesinde tiller pu`tkilley tu`rklesken. Bunnan keyingi da`wirdegi Og`uz-qıpshaq birlespesi ha`rqıylı qa`wimlerdin` bo`linip shıg`ıwına sebepshi bolg`an. Ha`tte Xorezmshaxlar ma`mleketi payda bolmastan burınıraq «Yabılar», «Qan`lılar» degen ma`mleketlik birlespelerdin` payda bolg`anlıg`ı belgili. Bul atamalar ha`zirgi ku`nnin` o`zinde de qaraqalpaq xalqının` belgili urıwları sıpatında ko`rinedi. Demek bul atamalar sol da`wirler menen tikkeley baylanıslı. Qaraqalpaq urıwları arasında eski tu`rk qa`wimlerinin` atamaları og`ada ko`p ushırasadı.

Bunnan keyin IX a`sirdegi «qara bo`rikliler» birlespesi qaraqalpaq xalqının` payda bolıwındag`ı en` da`slepki uyıtqı bolsa kerek. Biraq sonda da qaraqalpaq xalqı birden payda bola qoyg`an joq. Qaraqalpaqlar IX-X a`sirde qara bo`rikliler, XII-XIII a`sirde qıpshaqlar, XIV-XV a`sirde nog`aylılar degen at penen tilge alınadı. Xalıqtın` o`zinin` tolıq ataması XVI-a`sirde payda bolg`an.

Biraq sol jeri anıq, tu`rk tilles xalıqlar arasında o`zinin` qa`wim birliginin` atamaları menen bunshama ko`p mug`darda iz qaldırg`an xalıqtı tabıw qıyın.

Sonın` ushında belgili etnograf T.A. Jdanko «Menin` tan`lang`an jerim sol. Qaraqalpaqlar kishkene xalıq, biraq toqsan altı urıwg`a bo`lingen. Sol toqsan altı urıwdın` o`zinde erte da`wirde jasag`an tu`rki qa`wimlerdin` atamalarının` ko`pshiliginde saqlang`an»,- dep jazg`an edi.

Ha`zirgi tariyx ilimi qaraqalpaq xalqının` erte da`wirdegi babaları saq ha`m massaget qa`wimleri dep boljaydı. Sak-massaget tek qaraqalpaqlardın` g`ana emes, sonın` menen birge Orta Aziyada jasawshı barlıq tu`rk tilles xalıqlardın` babaları. Solay eken, bul jerde jasag`an o`zbek, qazaq, qırg`ız, qaraqalpaq xalıqlarının` da shıg`ısı bar. Sak ha`m massaget qa`wimlerinen tarqalg`an.

Bizin` zamanımızdın` bir mın` jılday burın A`miw ha`m Sır da`r`yanın` quyar jerinde Sak ha`m Massaget qa`wimleri jasadı. Olar mal sharwashılıg`ı menen bir qatarda, az mug`darda egin egiw isi menende shug`ıllang`an. A`sirese urıs o`nerin jaqsı o`zlestirgen. Temir ha`m mıs qorların tawıp alıp, temirshilik penen de shıg`ıllang`an. Qural-jaraq ha`m sawıt-saymanlar soqqan. Sak-massaget qa`wimleri haqqında N.Bichirin, V.Bartol`d, L.Gumilev, S.Tolstov, V.Grigor`ev, O.Vishnevskaya ha`m tag`ı basqa alımlardın` miynetlerinde ko`plegen da`rekler ushıraydı. Da`r`ya boyının` sakları haqqında a`yyemgi grek alımları Geradot ha`m Strobonnın` ayırım miynetleri saqlang`an. Olardın` aytıwı boyınsha «massaget» so`zinin` o`zi de «Dala saklarının` ma`kanı» degen so`zdi an`latar eken.

## Juwmaq

Qaraqalpaq a`debiyattanıw ilimi 60-jıllardın` aqırı 70-jıllardın` ortalarında u`lken tabıslardı qolg`a kirgizdi. Bul tabıs ba`rinen da` burın qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiw ma`selesin belgilewde ko`zge taslandı. Filologiya ilimlerinin` doktorı, professor Kamal Ma`mbetov usı mashqalanı izertlewde za`berdeslik ko`rsetip, 80-jıllardın` ortalarına kelip bul mashqala boyınsha na`tiyjeli nuqta qoydı. Solay etip, onın` 15 jıllıq izertlewi na`tiyjesinde burınları XVIII a`sirde jasap do`retiwshilik miynet ketken Jiyen jırawdan baslanıp kiyatırg`an qaraqalpaq jazba a`debiyatının` sag`aları XIV-XVI a`sirlerdegi Soppaslı Sıpıra-jıraw, Asan-qayg`ı, Jiyrenshe-sheshen, Dosma`mbet-jırawlar do`retiwshiligi menen ushlastı.

XXI a`sirdin` basında tariyx ilimi qaraqalpaq xalqının` kelip shıg`ıw tariyxı ma`selesinde bir qansha jan`a pikirlerdi ortag`a saldı. Atap aytqanda, akademik S.Kamalov o`zinin` qaraqalpaqlardın` etnogenezi haqqındag`ı kitapshasında xalqımızdın` xalıq sıpatında tariyx saxnasında ko`riniwin X a`sirler dep belgiledi.

Tariyx ilimindegi bul jan`alıq a`debiyat tariyxın izertlewshilerge biraz oy tuwg`ızdı. Olar, xalqımız X a`sirlerde o`z aldına qaraqalpaq xalqı atamasında payda bolg`an bolsa, onda a`debiyat tariyxımızdı da usı da`wirlerden baslawımız kerek emes pe eken, degenge usag`an sorawlar a`tirapında biraz pikirler bildire basladı. Bul bag`darda bir qansha alımlar prof. K.Kamalov «Qaraqalpaq a`debiyatı tariyxın da`wirlestiriw ma`selesi haqqında», prof. A.Paxratdinov «Biz, qaraqalpaqlar a`zelden ma`deniyatlı, sawatlı xalıq bolg`anbız» («A`miwda`r`ya», N5-6-2004; Pazratdinov A`. «Al Xorezmiy Orta a`sirlerde qaraqalpaq jazba a`debiyatının` tiykarın salg`an shayırlardın` biri».//İlim ha`m ja`miyet.-N4-2004; Alımov A`. «Suleyman Baqırg`aniy do`retiwshiliginde ruwxıy-ag`artıwshılıq ma`selelerinin` so`z etiliwi».// İlim ha`m ja`miyet.-N3-4-2004; Allambergenov K. «Qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw, qa`liplesiwinde jıraw-shayırlardın` tutqan ornı». /Erkin Qaraqalpaqstan, 2003-jıl 11-sentyabr` N112 (17758); Utewliev İ. «Qaraqalpaq jazba a`debiyatının` qa`liplesiw derekleri»//A`miwda`r`ya, N5-6-

2004. Embergenov O`. «Ha`kim ata (Suleyman Baqırg`aniy) tuwralı jan`a derekler».//A`miwda`r`ya, N5-6-2004.) atamalarında) ko`plep maqalalar jazdı.

Biz de «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» dep atalatug`ın pitkeriw qa`nigelik jumısımızda usı ma`selege bag`ıshlap, qaraqalpaq a`debiyatının` erte da`wirleri haqqında pikir ju`ritiwdi bas maqset ettik.

Pitkeriw qa`nigelik jumısındag`ı tiykarg`ı ma`seleler Kiris, Juwmaq, Paydalanılg`an a`debiyatlar bo`limlerinen tısqarı to`mendegidey u`sh bapqa ajıratılıp u`yrenildi:

Birinshi bap. Erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` tutqan ornı

Ekinshi bap. Qorqıt ata jırları - erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` fol`klorlıq bir deregi sıpatında

U`shinshi bap. Sulayman Baqırg`aniy ha`m Rabg`uziy do`retiwshilikleri-erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıwı ha`m qa`liplesiwinde a`hmiyetli ornı bar a`debiy jazba derekler.

III.1. Suleyman Baqırg`aniy (Ha`kim ata) - erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` bir wa`kili sıpatında

III.2. Rabg`uziy ha`m onın` qaraqalpaq a`debiyatına qatnası

Ko`rip otırg`anımızday birinshi bapta erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` atqarg`an xızmeti qarastırılıp, qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıwında qos qanattın` bar ekenligi da`liyllenip, onın` biri Qorqıt ata sıyaqlı jıraw-shayırlar bolg`anlıg`ı, ekinshisi, Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy usag`an jazba a`debiyat wa`killerinin` do`retiwshiligi ekenligi ko`rsetiledi. Ekinshi bapta Qorqıt ata jırlarına arnawlı tu`rde toqtalınıp, bul jırladın` qaraqalpaq a`debiyatına qatnası ma`selesi ortag`a taslanadı. U`shinshi bapta bolsa Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy usag`an jazba a`debiyat wa`killeri erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` baslawshıları sıpatında qarastırıladı.

Ulıwma, biz bul pitkeriw qa`nigelik jumısımızda usı u`sh baptın` mazmunı tiykarında to`mendegidey juwmaqlarg`a keldik:

1. Qaraqalpaq xalqının` tariyxı X a`sirge barıp ushlasatug`ınlıg`ın tariyx ilimi da`lillewine baylanıslı jazba a`debiyat tariyxın da usı da`wirlerden baslap izertlew-ha`zirgi a`debiyattanıw bilimimizdin` keshiktirilip bolmaytug`ın a`hmiyetli ma`selelerinin` biri bolıp tabıladı.

2. Bul bag`darda akademikler J.Bazarbaev, prof. A`.Paxratdinov, A`.Alimovlar menen prof. K.Allambergenov h.t.b.lardın` baspa so`z betlerinde payda bolg`an maqalaların da`slepki baslama-ideyalıq tu`rtkiler sıpatında qarastırılıwı kerek.

3. Bizin` pikirimizshe, X-XIV a`sirler aralıg`ında da qaraqalpaq a`debiyatı payda boldı ha`m qa`liplesti dep aytıwg`a tolıq haqılımız. Bul a`debiyat awız-eki avtorlıq jazba a`debiyatlıq formada XIX a`sirge shekem o`z rawajlanıwın dawam etken. Awız-eki avtorlıq formada Qorqıt ata sıyaqlı jıraw-shayırlar do`retiwshilik miynet etken bolsa, Rabg`uziy Sulayman Baqırg`aniy sıyaqlı shayırlar taza realistlik jazba a`debiyat usılında shıg`armalar do`retken.

4. Qorqıt ata - X a`sirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` sag`asında turatug`ın shayırlardın` biri bolg`an. Bunın` ayqın da`liyli, birinshiden Qorqıt atanın` qaraqalpaq jırawshılıq mektebinin` sag`alarında turatug`ınlıg`ı bolsa, ekinshiden, onın` shıg`armalarının` ko`rkem tili menen ideyalıq bag`ıtının`, syujetlik motivlerinin`, obrazlar sistemasının` qaraqalpaq da`stanları menen bir-birine tipologiyalıq usaslıg`ı.

Bizin` oyımızsha, jıraw-shayırlar mektebi XIV a`sirlerde birden kelip shıqpag`an. Qaraqalpaq jırawshılıq mektebinin` bası Soppaslı Sıpıra jıraw ha`m aqırı da ol emes. Fol`klor menen ko`rkem o`nerdin` birligi, a`debiyattag`ı sinkretlik sıpat tek XIV a`sirlerde payda bolg`an qubılıs emes. Xalqımız tariyxı X a`sirlerden baslanar eken, a`debiyatımız sag`aları da usı a`sirlerge barıp ushlasıwı kerek.

X-XSh a`sirlerdegi tariyxımızg`a ser salıp qarasaq usı a`sirlerdegi tariyxımız og`uz-qıpshaq birlespelerinin` tariyxı menen tıg`ız baylanıslı ekenligin ko`riwge boladı. Ha`zirgi tariyx iliminin` ko`rsetiwi boyınsha, apasiaklar (qaraqalpaqlar) menen awgasiyler (tu`rkmenler) Sır da`r`yanın` to`mengi quyarlıg`ı menen Aral boylarında aralasıp jasag`an. Bul qa`wimler jasag`an ma`kanlarda IV a`sirde Shıg`ıstan gunnlar (xunnlar), VI-VIII a`sirlerde tu`rkler kele baslaydı. Bul qa`wimler A`miwda`r`ya boyındag`ı apasiaklarg`a (pesheneglerge), Sırdın` to`mengi jag`ındag`ı awgasiylerge (og`uzlarg`a) aralasıp ketedi. Na`tiyjede VII-VIII a`sirlerde apasiak-gunn-tu`rk aralaspasınan Pesheneg awqamı, awg`asiy-gunn-tu`rk aralaspasınan Og`uz awqamı du`ziledi. Pesheneglerdin` jerleri ha`zirgi Beruniy (Qat, Qıyat) qalası A`miwda`r`yanın` to`mengi jag`alawları-Aral boylarınan tartıp Oral (Edil) ha`m Volga (Jayıq) aymaqların o`z ishine alg`an.

Bul a`sirlerde og`uz-qıpshaq-pecheneg qa`wimleri tek awhamlıq etnikalıq birlikte jasap qoymastan, ruwxıy-ma`deniy jaqtan da bir-birinen ajıralmay jasag`an, birgelikte ruwxıy ma`deniyat do`retken. Bunın` ayqın mısalı sıpatında sol a`sirlerde ha`zirgi qaraqalpaq jerlerinde tuwılıp o`sip, do`retiwshilik miynet etken, biraq tu`rkiy xalıqlardın` ko`pshiligine ortaq tulg`alar sıpatında ta`n alınıp kiyatırg`an Qorqıt-Ata, Rabg`uziy, Sulayman Baqırg`aniy do`retiwshiligin atap o`tsek boladı. Ma`selen, IX-X a`sirlerde Qorqıt ata A`miwda`r`yanın` to`mengi quyarlıg`ında, Sır boylarında jasag`an bolsa, XSh a`sirdegi tu`rkiy xalıqlar a`debiyatının` iri wa`kili Rabg`uziy usı da`wirlerde ha`zirgi Aqmang`ıt rayonının` arqa batısındag`ı To`k qalada burıng`ı Rabatwg`uz degen qorg`an qalada tuwılg`an. Al Orta a`sirlerdegi Shıg`ıs oyshıllarının` biri da`rejesi jetken bizin` jerlesimiz Ha`kim Ata Sulayman Baqırg`anıydın` Qon`ırat qalasında tuwılıp o`skeni ha`zir ha`mmege ayan.

Bul, demek, X-XSh a`sirlerde bizin` jerimizde ha`zirgi Qaraqalpaqstan aymag`ında ma`deniyat, a`debiyat bolg`an degen so`z. Tariyx ilimi bolsa bul a`sirlerde usı aymaqlarda jasag`an ruw-qa`wimlerdin` qaraqalpaq xalqının` etnogenezine tıg`ız qatnası bar ekenligin anıq da`lillep otır. Demek, Qorqıt atanın` da, Rabg`uziydin` de, Sulayman Baqırg`aniydin` de bizin` ata-a`jdad-baba

ka`lanlarımız ekenligine hesh qanday daw joq. Fol`klortanıw ha`m a`debiyat tariyxı ilimi Qorqıt atanın` jıraw-shayır bolg`anlıg`ın, al Rabg`uziy, Sulayman Baqırg`aniylardın` jazba a`debiyat wa`killeri ekenligin ta`n aladı. Bul, demek, Qaraqalpaqstan aymag`ında, qaraqalpaqlar arasında X-XSh a`sirlerde aq awız-eki ko`rkem a`debiyat traditsiyaları menen birge jazba a`debiyat ten`-qatar o`mir su`rgen degen so`z.

Juwmaqlap aytqanda, X-XV a`sirlerdegi qaraqalpaq a`debiyatı sag`aların usı eki arnadan - Qorqıt ata usag`an jıraw-shayırlar do`retiwshiligi ha`m Rabg`uziy, Sulayman Baqırg`aniy sıyaqlı jazba a`debiyat wa`killeri do`retiwshiliginen izlew kerek degen so`z.

## PAYDALANILGAN A`DEBİYATLAR:

### I. Metodologiyalıq-siyasiy a`debiyatlar

1. Karimov İ. Joqarı ma`na`wiyat – jen`ilmes ku`sh.-Tashkent: Ma`naviyat, 2008.

2. Karimov İ. Adabietga e`tibor – ma`naviyatga, kelajakga e`tibor.-Toshkent: 2009.

3. Karimov İ. Uzbekiston mustaqillikga erishish ostonasida.-Toshkent: Uzbekiston, 2011.

### II. İlimiy-teoriyalıq, a`debiy-ko`rkem a`debiyatlar (Monografiyalar, maqalalar, ko`rkem shıg`armalar)

1. Allambergenov K. Qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiwinde jıraw-shayırlardın` tutqan ornı. /Erkin Qaraqalpaqstan **№112 (17858) 2003-jıl**

2. Allambergenov K. «Qorqıt ata kitabı» ha`m qaraqalpaq qaharmanlıq da`stanları. // Qaraqalpaqstan mug`allimi **№2-4 1994-jıl**

3. Allambergenov K. Qaraqalpaq xalıq da`stanı «Edige» No`kis: Qaraqalpaqstan 1995 j.

4. Allamuratov A. Jırawlar. «A`miwda`r`ya», 1992, N 6-7.

5. Alımov A`. Shıg`ısta shug`la taratqan juldız /Erkin Qaraqalpaqstan **№74 (17820), 10-iyun` 2003-jıl**

6. Ayımbetov Q. Xalıq danalıg`ı. - No`kis. «Qaraqalpaqstan» 1990.

7. Bahadırova S. «Kitabi dadam Qorqıt». - No`kis «Qaraqalpaqstan», 1992.

8. Bartol`d V.V. Sochineniya. T.U.. (Rabotı po istorii filologii tyurkskix i mongol`skix narodov). - M., «Nauka», 1968.

9. Bazarbaev J. Ha`kim atanın` ullılıg`ı - ulıwma insanıy qa`diriyat. /Ustaz №51-52 (232-233) 12-dekabr` 2002-jıl

10. Burxoniddin N. Rabg`uziy. Qissasi Rabg`uziy.-Toshkent. Ezuvchi. 1990.

11. Gorkut ata. Gadımi tu`rkmen eposı. Tu`rkmenstan. Ashgabat. 1990.

12.Erte da`wirdin` a`debiy estelikleri.- No`kis: Qaraqalpaqstan, 1986-j.

13. Embergenov O`. Ha`kim ata. (Sulayman Baqırg`aniy tuwralı jan`a derekler).//A`miwda`r`ya N5-6, 2004.

14.Ja`rimbetov Q. XIX a`sir qaraqalpaq lirikasının` janrlıq qa`siyetleri ha`m rawajlanıw tariyxı.-No`kis:Bilim, 2004.

15.Jirmunskiy V.M. Tyurkskiy georicheskiy epos. - L., O., 1974.

16.Zohidov P. Kun tug`ardin kun batarg`a swzi etgan zot./Wzbekiston adabieti va san`ati. №9 (3645) 22-fevral` 2002-jıl

17. Kamalov S., Qoshanov A`. Qaraqalpaqstan tariyxı. No`kis: «Bilim», 1993.

18.Kamalov S. Qaraqalpaqlardın` xalıq bolıp qa`liplesiwi ha`m onın` ma`mleketliginin` tariyxınan.-No`kis. 2001.

19. Qon`ıratbaev A`. Tyurkologiya ja`ne epos. - Almatı: «G`ılım», 1986.

20. Ocherki istorii oguzov i turkmen Sredney Azii IX-XIII v. v. Ashxabad. Ilım, 1969.

21. Qorqıt ata kitabı. Almatı: «Jazıwshı», 1986.

22. Ma`mbetov K. Shıg`ıs a`debiyatı tariyxı.- No`kis: Bilim, 1993-j.

23. Ma`mbetov K. Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatı - No`kis: Bilim, 1992-j.

24. Mambetov K. Karakalpakchkaya literatura XIV-XVIII vekov.- Nukus: izd. NGU, 1981-j.

25. Maqsetov Q. Soppaslı Sıpıra jıraw. // A`miwda`r`ya N5-6, 2004.

26.-Muxanova M. Ha`kim ata-Sulayman Baqırg`aniy makbarası//Qaraqalpaqstan mug`allimi. N1-2, 2002.

27.Nurmuxammedov M. Qaraqalpaq jaxba a`debiyatının` do`rewi haqqında.//A`miwda`r`ya N6, 1968.

28. Paxratdinov A`. Biz, qaraqalpaqlar a`yyemnen sawatlı, ma`deniyatlı xalıq bolg`anbız. /Erkin Qaraqalpaqstan №83 (17935) 16-mart 2004-jıl

29. Paxratdinov A`. Al Xorezmiy Orta a`sirlerde qaraqalpaq jazba a`debiyatının` tiykarın salg`an shayırlardın` biri. /İlim ha`m ja`miyet.-4, 2004.

30. Paxratdinov A`., Allambergenov K. Qaraqalpaq a`debiyatı sag`alarının` awız-eki ha`m jazba derekleri. //A`miwda`r`ya, 2010, N3.

31. Palımbetov K. Kniga deda Korkut i karakalpakskiy fol`klor. Avtoref. kand. diss.- Nukus. 1997.

32. Surazakov S.S. Ob altayskom skazanin «Alıp man`ash», // «Ob epos Alpamıs», - Tashkent, 1959, Borobkov A.K. Geroicheskaya poema ob Alpamısh. - Tashkent, 1959.

33. Sag`ıytov İ.T. Qaraqalpaq xalqının` qaharmanlıq eposı. No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1986.

34. Sagitov İ. A`debiyat tariyxın qaysı da`wirden baslaw kerek. //A`miwda`r`ya, N11-1968.

35. Uteuliev İ. Qaraqalpaq jazba a`debiyatının` qa`liplesiw derekleri. // A`miwda`r`ya, N5-6-2004.

36. Shomurodov J. Hakim ota – Xoja Sulayman Boqirg`oniy.-Nukus. Qoroqolpog`iston. 2002.

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV-a kurs talabası Dosnazarov Batırdın` «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına

P İ K İ R

Son`g`ı waqıtları J.Bazarbaev, A`.Paxratdinov, A`.Alımov, K.Allambergenov, İ.Uteuliev ha`m t. b. alımlar qaraqalpaqlardın` xalıq bolıp qa`liplesiw da`wirlerindegi, yag`nıy X-XIV a`sirlerdegi a`debiyat tariyxı haqqında bas qatırıp, bul da`wir a`debiyatının` xarakteri, payda bolıw ha`m qa`liplesiw derekleri, ayırım wa`killerinin` o`miri ha`m do`retiwshiligi haqqında bir qansha maqalalardı baspa so`zde ja`riyaladı.

Bul ma`seleni birinshilerden bolıp baspa so`zde ko`tergen ilimpaz f.i.d, prof., Xalıq aralıq Akademiyanın` akademigi, Qaraqalpaqstang`a miyneti sin`gen ilim g`ayratkeri A`.Paxratdinov boldı. Ol o`zinin` «Qaraqalpaqlar a`yyemnen sawatlı, bilimdan ha`m ma`deniyatlı xalıq bolg`an» dep atalatug`ın maqalasında erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw, qa`liplesiw tariyxı haqqında pikir ju`ritip, qaraqalpaqlarda IX-X a`sirlerde-aq jazba ma`deniyat rawajlang`an, usı da`wirlerdegi tu`rkiy xalıqlarg`a tiyisli bolıp kelgen jazba a`debiy estelikler qaraqalpaqlarg`a da tiyisli, sol ushın erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı tariyxın da usı a`sirlerden baslaw kerek degen ideyanı ortag`a taslaydı.

Pitkeriwshi Dosnazarov Batır da usı pikirlerge su`yenip, o`zinin` bul pitkeriw qa`nigelik jumısında «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» degen atamanı tan`lap alg`an ha`m onda erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı, haqıyqatında da, X a`sirlerden baslanatug`ınlıg`ın, Qorqıt ata, Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy do`retiwshilikleri onın` fol`klorlıq ha`m jazba a`debiy dereklerinin` biri bolatug`ının da`liyllewge urıng`an.

Pitkeriwshi B.Dosnazarovtın` pitkeriw qa`nigelik jumısının` tiykarg`ı maqseti, mine, usı wazıypalardı sheshiwden ibarat.

Ekinshi jag`ınan, bul wazıypanı sheshiw temanın` a`hmiyetin ko`rsetiw menen birge, ilimiy jan`alıg`ın da ta`miyinleydi. Sebebi, atı atalg`an so`z ustaları do`retiwshiligi birinshi ret bul jumıstın` arnawlı izertlew ob`ekti etip alınıp, erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw, qa`liplesiwinde girewli ornı bar ko`rkem so`z sheberleri sıpatında so`z etilip otır.

Bul sıpatlar jumıstın` a`meliyatta da u`lken a`hmiyet tutatug`ınlıg`ın ko`rsetip turadı.

Bul wazıypalardı sheshiw ushın pitkeriwshi B.Dosnazarov ortag`a qoyg`an ma`seleni dissertatsiyada u`sh bapqa bo`lip izertlegen. Birinishi bapta erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` tutqan ornı ko`rsetilse, ekinshi bapta erte da`wir qaraqalpaq  a`debiyatının` fol`klorlıq dereginin` bir mısalı sıpatında Qorqıt ata jırları tallanılılıp, onın` qaraqalpaq a`debiyatına qatnası ma`selesi ashıp berilgen. U`shinshi bapta Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy do`retiwshilikleri erte da`wir qararqalpaq a`debiyatının` a`debiy jazba derekelerinin` mısalları sıpatında ilimiy tallawg`a alıng`an. Juwmaqta usı baplar mazmunı tiykarında erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı X-XIV a`sirlerden baslanadı,-degen pikir qollap quwatlanılg`an.

Ulıwma, B.Dosnazarovtın` bul jumısı pitkeriw qa`nigelik jumısları aldına qoyılg`an talaplarg`a tolıq juwap beredi. Jumıs mazmunlı, sapalı jazılg`an. Sonın` ushın pitken jumıs sıpatında jaqlawg`a usına berse boladı.

İlimiy basshı: K.Allambergenov, filologiya ilimlerinin` doktorı, professor, QR Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV-a kurs talabası Dosnazarov Batırdın` «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına

P İ K İ R

Pitkeriwshi Dosnazarov Batırdın` bul pitkeriw qa`nigelik jumısı «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» mashqalalarına bag`ıshlanıp, onda erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı, haqıyqatında da, X a`sirlerden baslanatug`ınlıg`ın, Qorqıt ata, Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy, Al` Kerderiy do`retiwshilikleri onın` fol`klorlıq ha`m jazba a`debiy dereklerinin` biri bolatug`ının da`liyllenilgen.

Pitkeriwshi B.Dosnazarovtın` pitkeriw qa`nigelik jumısı tiykarg`ı maqseti, mine, usı wazıypalardı sheshiwden ibarat.

Bul wazıypalardı sheshiw ushın pitkeriwshi B.Dosnazarov ortag`a qoyg`an ma`seleni pitkeriw qa`nigelik jumısta u`sh bapqa bo`lip izertlegen. Birinishi bapta erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` tutqan ornı ko`rsetilse, ekinshi bapta erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` fol`klorlıq dereginin` bir mısalı sıpatında Qorqıt ata jırları tallanılılıp, onın` qaraqalpaq a`debiyatına qatnası ma`selesi ashıp berilgen. U`shinshi bapta Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy do`retiwshilikleri erte da`wir qararqalpaq a`debiyatının` a`debiy jazba derekelerinin` mısalları sıpatında ilimiy tallawg`a alıng`an. Juwmaqta usı baplar mazmunı tiykarında erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatı X-XIV a`sirlerden baslanadı,-degen pikir qollap quwatlanılg`an.

Bul baplarda erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` atqarg`an xızmeti qarastırılıp, qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıwında qos qanattın` bar ekenligi da`liyllenip, onın` biri Qorqıt ata sıyaqlı jıraw-shayırlar bolg`anlıg`ı, ekinshisi,

Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy usag`an jazba a`debiyat wa`killerinin` do`retiwshiligi ekenligi ko`rsetiledi.

Ulıwma, Dosnazarov Batırdın` «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı MAK talaplarına tolıq juwap beredi. Mazmunlı, sawatlı jazılg`anlıqtan joqarı bahalawg`a turarlıq.

**S.Matekeev:** Q.Niyaziy atındag`ı O`zbekstan Respublikası mug`allimlerinin` bilimin jetilistiriw institutı Qaraqalpaqstan filialının` qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı kafedrasının` baslıg`ı, filologiya ilimlerinin` kandidatı, dotsent

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV-a kurs talabası Dosnazarov Batırdın` «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına

# P İ K İ R

XXI a`sirdin` basında tariyx ilimi qaraqalpaq xalqının` kelip shıg`ıw tariyxı ma`selesinde bir qansha jan`a pikirlerdi ortag`a saldı. Atap aytqanda, akademik S.Kamalov o`zinin` qaraqalpaqlardın` etnogenezi haqqındag`ı kitapshasında qaraqalpaq xalqının` xalıq sıpatında tariyx saxnasında ko`riniwin X a`sirler dep belgiledi.

Tariyx ilimindegi bul jan`alıq qaraqalpaq a`debiyatı tariyxın izertlewshilerge de biraz oy tuwg`ızdı. Olar, qaraqalpaq xalqı X a`sirlerde o`z aldına xalıq atamasında payda bolg`an bolsa, onda a`debiyat tariyxımızdı da usı da`wirlerden baslawımız kerek emes pe eken, degenge usag`an sorawlar a`tirapında biraz pikirler bildire basladı.

Pitkeriwshi Dosnazarov Batır da o`zinin` «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» dep atalatug`ın bul pitkeriw qa`nigelik jumısın usı ma`selege bag`ıshlap, qaraqalpaq a`debiyatının` erte da`wirleri haqqında pikir ju`ritiwdi bas maqset etken.

Pitkeriw qa`nigelik jumısındag`ı tiykarg`ı ma`seleler Kiris, Juwmaq, Paydalanılg`an a`debiyatlar bo`limlerinen tısqarı to`mendegidey u`sh bapqa ajıratılıp u`yrenilgen:

Birinshi bap. Erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw ha`m qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` tutqan ornı

Ekinshi bap. Qorqıt ata jırları - erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` fol`klorlıq bir deregi sıpatında

U`shinshi bap. Sulayman Baqırg`aniy ha`m Rabg`uziy do`retiwshilikleri-erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıwı ha`m qa`liplesiwinde a`hmiyetli ornı bar a`debiy jazba derekler.

Ko`rip otırg`anımızday, birinshi bapta erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıw qa`liplesiwinde fol`klorlıq ha`m a`debiy jazba dereklerdin` atqarg`an xızmeti qarastırılıp, qaraqalpaq a`debiyatının` payda bolıwında qos qanattın` bar ekenligi da`liyllenip, onın` biri Qorqıt ata sıyaqlı jıraw-shayırlar bolg`anlıg`ı, ekinshisi, Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy usag`an jazba a`debiyat wa`killerinin` do`retiwshiligi ekenligi ko`rsetiledi. Ekinshi bapta Qorqıt ata jırlarına arnawlı tu`rde toqtalınıp, bul jırladın` qaraqalpaq a`debiyatına qatnası ma`selesi ortag`a taslanadı. U`shinshi bapta bolsa Suleyman Baqırg`aniy, Rabg`uziy usag`an jazba a`debiyat wa`killeri erte da`wir qaraqalpaq a`debiyatının` baslawshıları sıpatında qarastırıladı.

Ulıwma, Dosnazarov Batırdın` «Erte da`wirdegi qaraqalpaq a`debiyatının` awız-eki ha`m jazba a`debiy derekleri» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı talapqa tolıq juwap beredi. Jumıs joqarı baha alıwg`a tolıq ılayıq.

**İ.Dil`manov**, NMPİnin` qazaq
filologiyası kafedrası dotsenti,
filologiya ilimlerinin` kandidatı